Щытхъуэр фІыщІэрэ пылъу

2-нэ нап.

«Адыгэшым и нэм сыщІэтынт»...

3-нэ нап.

Къудей Леонид фэеплъ хуащІа зэІущІэ

4-нэ нап.

Налшык къыщрагъэблагъэ

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№42 (24.948) • 2026 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 7, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

Гузэвэгъуэ хэхуахэм зыщІагъакъуэ

Дагъыстэным къыщыхъуахэм игъэпІейтеящ цІыху куэд. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбеки зэхуигъэзащ ди гъунэгъухэм.

«Ди республикэм ис псори мы махуэхэм гузавэу кІэлъоплъ щІыуэпс къэхъукъащІэм къыдэкІуауэ Дагъыстэным щыІэ щытыкІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэми си щхьэми къыдбгъэдэкІыу сахуогузавэ зи Іыхьлы, благъэ а насыпыншагъэм хэкІуэдахэм.

Бэрэжьей кІуам Дагъыстэн Республикэм щыІэ МЧС-м зыпытщІэри, зэфэн псыуэ тонн 60 яхуедгъэшащ ди къуэш республикэм щыпсэухэм. А лэжьыгъэм пытщэнущ.

Дагъыстэн Республикэм и Іэтащхьэ Меликов Сергей Алим и къуэмрэ сэрэ Іуэху щытыкІэм теухуауэ дызэрощІэ.

Дэ дыхьэзырщ, хуей хъумэ, зэрытхузэфІэкІкІэ дадэІэпыкъуну», - щитхащ КъБР-м и Іэтащхьэм MAX-м щиІэ напэкІуэцІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм оркестр Іэмэпсымэхэм Іэзагъэшхуэ къагъэлъагъуэу еуэ музыкант ныбжьыщІэхэм папщІэ игъэува стипендиехэр 2026 гъэм зыхуагъэфэщахэм етыным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2023 гъэм бадзэуэгъуэм и 25-м «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и стипендиехэр оркестр Іэмэпсымэхэм Іэзагъэшхуэ къагъэлъагъуэу еуэ музыкант ныбжьыщІэхэм папщІэ гъэувыным и ІуэхукІэ» къыдигъэкІа Указ №71-УГ-м ипкъ иткІэ **унафэ сощІ**:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм оркестр Іэмэпсымэхэм Іэзагъэшхуэ къагъэлъагъуэу еуэ музыкант ныбжьыщІэхэм папщІэ игъэува стипендиехэр ирагъэкІуэкІа къызэрыхах зэпеуэм кърикІуахэм япкъ иткІэ 2026 гъэм етын:

Асафьевэ Далилэ Роман и пхъум - «Темыркъан Б.Хь. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» къэрал щэнхабзэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и симфоние оркестрым и артисткэм;

АфІэунэ Фаридэ Хьэжмурат и пхъум - «Темыркъан Б.Хь. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» къэрал щэнхабзэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и симфоние оркестрым и артисткэм;

Къэзанш Мурат Хьэсэн и къуэм - «Темыркъан Б.Хь. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» къэрал щэнхабзэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и симфоние оркестрым и артистым;

КІасэ Амал Артур и пхъум - «Темыркъан Б.Хь. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» къэрал щэнхабзэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и симфоние оркестрым и артисткэм;

Михайловэ Маритэ Вячеслав и пхъум - «Темыркъан Б.Хь. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» къэрал щэнхабзэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и симфоние оркестрым и артисткэм;

Мусукаевэ Джамиля Мурадин и пхъум - «Темыркъан Б.Хь. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» къэрал щэнхабзэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и симфоние оркестрым и артисткэм;

Хадарцевэ Алинэ Авенир и пхъум - «Темыркъан Б.Хь. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» къэрал щэнхабзэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и симфоние оркестрым и артисткэм;

Хъурей Максим Сергей и къуэм - «Темыркъан Б.Хь. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармоние» къэрал щэнхабзэ кІэзонэ ІуэхущІапІэм и симфоние оркестрым и артистым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№32-УГ

«Урысей Федерацэм ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм контракткІэ къулыкъур щезыхьэкІ зауэлІхэм зэуэ ират ахъшэм и ІуэхукІэ», Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуІум и 1-м къыдигъэкІа Указым и 1 пунктым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и ІуэхукІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. «Урысей Федерацэм ІэщэкІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм контракткІэ къулыкъур щезыхьэкІ зауэлІхэм зэуэ ират ахъшэм и ІуэхукІэ», Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2024 гъэм шыщхьэуІум и 1-м къыдигъэкІа Указым и 1 пунктым мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт лъабжьэ «б»-м «гъатхэпэм и 31» псалъэхэр «мэкъуауэгъуэм и 30» псалъэхэмкІэ, «сом мин 1500» псалъэхэр «сом мин 2100» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

б) пункт лъабжьэ «в»-м «гъатхэпэм и 31» псалъэхэр «мэкъуауэгъуэм и 30» псалъэхэмкІэ, «сом мин 1800» псалъэхэр «сом мин 2400» псалъэхэмкІэ зэхъуэкІын;

2. Мы Указым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2026 гъэм мэлыжьыхьым и 1-м
№34-УГ

Гъатхэ зекІуэм и лъагъуэхэр

Хабзэ хъуауэ, Урысей географие зэгухьэныгъэм (РГО) Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и ЩІалэгъуалэ клубым илъэс лэжьыгъэр яублэ гъатхэ зекІуэкІэ. Зэгухьэныгъэм хэт зи щІалэгъуэхэм я мыгъэрей лъагъуэхэр яунэтІащ ди республикэм и къалащхьэ Налшык и щІыпІэ нэхъ лъагэ дыдэмкІэ - Нарт бгымкІэ. Ар ирырагъэхьэлІащ РГО-м ЩІалэгъуалэ къудамэ иІэ зэрыхъурэ илъэси 10 зэрырикъум, гъатхэ туризмэмрэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэмрэ къызэрызэІуахри а зекІуэмкІэ ягъэбелджылыуэ.

РГО-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм и ЩІалэгъуалэ центрым и унафэщІ Мокаев Тенджыз «РИА» хъыбарыщІэхэр» агентствэм и напэкІуэцІым зэрыщыжиІэмкІэ, «Альтаир» щІалэгъуалэ клубыр зэрыщыІэ илъэсхэм къриубыдэу гъэ къэс апхуэдэ гъатхэ зекІуэ хьэлэмэт икІи купщІафІэ къызэрагъэпэщ. Къыхэдгъэщынщи, клубым и фІэщыгъэр епхащ «Альтаир» вагъуэм и цІэм. Ар ЩІым нэхъ пэгъунэгъу дыдэ («Сириус»-м къыкІэлъокІуэ) вагъуэхэм ящыщщ, гъатхэбжьыхьэ лъэхъэнэхэм ар уафэ джабэм нуру къаблэу щыболъагъу.

Мыгъэрей Іуэхум щІалэгъуалэ куэд хэтащ. БалигъхэмИ ныбжьыщІэхэми зэхуэдэу яфІэгъэщІэгъуэнт зекІуэ лъагъуэм зыхуишэ щІыпІэхэм щалъагъухэр. Псом хуэдэжтэкъым ар апхуэдэ гъуэгуанэ япэу зэпызычхэм я дежкІэ. Абыхэм зыкІуэцІрыкІ щІыпІэхэр ирагъэцІыхурт мызэ-мытІэу а зекІуэм хуэдэхэм хэта нэхъыжьыІуэхэм.

Махуэр уэлбанэу щытами, «гъуэгум кІапсэ езыдза» турист ныбжьыщІэхэр абыи хуэхьэзыру къыщІэкІащ. Ахэр дунейм и щытыкІэм хуэкІуэу хуэпат, зыхуей-зыхуэфІ псомкІи къызэгъэпэщат. Гъуазэу ягъэува бгым и щхьэщыгум нэса нэужь, ахэр абдеж щетІысэхащ, щІэх дыдэу зэщІагъэста мафІэм бгъэдэсащ, и бзийхэмкІэ загъэхуэбэжу, къыздащта гъуэмылэхэр ІэфІу зэдашхыу, зекІуэм къарита гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмкІэ зэдэгуашэу.

ЩІалэгъуалэм яІуатэ хъыбар псоми щэхуу щІэдэІу хуэдэт Нарт бгы цІыкІури. Налшык къэзыухъуреихь мэзылъэхэм къахэщ а лъагапІэм къиубыдыр зыхуэдизыр, Іэгум илъым хуэдэу, фІы дыдэу уолъагъу бгым и щхьэщыгум уитмэ. Бгы джабэхэмрэ ехыпІэ задэхэмрэ зэщІащтащ бжей куэду зэрыт мэзылъэ цІыкІухэм. Нартым узэрыдэкІуей лъагъуэм япэщІыкІэ ухуешэ куэду къыщыкІ зей чыцэхэм я фІыгъэкІэ «Зеилъэ» («Кизиловка») зыфІаща Іуащхьэм и щыгум. Абы ущхьэпрокІри, адэкІэ Нартым ухуокІуэ.

Зи нэгу зезыгъэужьхэм я зекІуапІэу щыт а лъагъуэ цІэрыІуэр ди къэралым и тхыдэм къыхэнащ. 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и етІуанэ илъэсым Нарт бгым и щхьэщыгум щаухуауэ щытащ бийм кІэлъыплъынымкІэ ІэнатІэ щхьэхуэ. Налшык - Орджоникидзе зыхъумэжыныгъэ дзэ операцэ хэхам хэту, 1942 гъэм Нарт бгыщхьэм щызэхуашэсат советыдзэ топгъауэ гуп, Іэмалыншэу икІуэт 37-нэ армэм и зауэлІхэр яхъумэу. Абдеж зауэ гуащІэхэр щекІуэкІри, бийм лъагапІэр къиищтауэ щытащ. Куэд дэмыкІыу ар ди щІыналъэм ирахужри, щІыпІэр хуит къэхъужат. А зэпэщІэувэныгъэ ткІийм и щыхьэт наІуэхэу шэ ирагъэкІахэмрэ советыдзэм, нэмыцэдзэм я зауэлІ фащэхэм ящыщ хьэпшыпхэмрэ бгыщхьэм щрихьэлІэрэ зекІуэм и фэеплъу къызэдащтэу щытащ нэгузегъэужьакІуэ абы дэкІхэм. Нэхъ иужьыІуэкІэ апхуэдэ хьэпшыпхэр къагъуэтыжри зэщІащыпэжащ хэкурыдж къэлъыкІуахэм.

А псоми яфІэхьэлэмэту щыгъуазэ зыхуащІащ гъатхэ зекІуэм хэта ныбжьыщІэхэм.

«Альтаир» щІалэгъуалэ клубым хэтхэм дызэрыт илъэсым къриубыдэу лэжьыгъэ купщІафІэ куэд зэфІахыну я мурадщ. Абыхэм хохьэ туристхэкурыдж, спорт, егъэджэныгъэ ІэнатІэхэм ехьэлІахэр, нэгъуэщІхэри», - жиІащ Мокаевым. Зи Хэку иныр, щалъхуа щІыналъэр фІыуэ зылъагъу а цІыху псэ къабзэхэм а лэжьыгъэхэр хуагъэпсынущ Урысей географие зэгухьэныгъэм и ЩІалэгъуалэ зэщІэхъееныгъэ къудамэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 10 зэрырикъум. Къэрал зэгухьэныгъэм и щІыналъэ къудамэм и пашэм щІалэгъуалэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ къыхуриджащ а Іуэхугъуэхэм жыджэру хэтыну.

КЪАРДЭН Маритэ.

Уасэмрэ хэхъуэмрэ захъуэж

Росстатым къызэритамкІэ, 2026 гъэм и мазаем Къэбэрдей-Балъкъэрым уасэхэм щыхэхъуащ процент 1,10-кІэ абы ипэ ита мазэм елъытауэ. Илъэс пІалъэкІэ къэбгъэлъагъуэмэ, инфляцэр проценти 5,8-м нэсыху республикэм ар щехащ икІи УФ-м ику иту щыщыІэм нэхърэ нэхъ мащІэщ (проценти 5,91-рэ).

МАЗАЕМ нэхъыбэу хэхъуащ ерыскъым и уасэм. ЦІыхухэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэхэри нэхъ лъапІэ хъуащ а пІалъэм къриубыдэу. Мыдрейуэ, хьэпшыпхэм я уасэм зэрыхэхъуа щыІэкъым. Апхуэдэу щыхъукІи, абыхэми ерыскъыми я уасэм илъэсым къриубыдэу зэрыхэхъуам и куэдагъыр нэхъ мащІэщ, щІыналъэм щыщыІэ инфляцэм елъытауэ, ауэ Іуэхутхьэбзэхэм яйр нэхъ лъагэщ.

Илъэсым и лъэхъэнэхэм къежьэ пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкІ, н.къ. хэмыту, мазаем уасэхэр дэкІуеящ щІышылэм елъытауэ икІи ар къызыхэкІар, хьэпшыпхэм, ерыскъым, Іуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр зэрыдрагъэкІуеймщхьэкІэ щыІэ налог, административнэ «текъуэзэныгъэхэр» къызэрагъэлъэхъшарщ. Апхуэдэуи, абы сэбэп хуэхъуащ языныкъуэ продукцэхэм я щІэупщІэм зэрыкІэрыхуамрэ языныкъуэхэми зэрыхэхъуамрэ.

КъищынэмыщІауэ, Урысей Банкым и Ипщэ управленэм къызэритамкІэ, 2022 гъэм щегъэжьауэ Кавказ Ищхъэрэм щыщыІэ инфляцэм (процент 11,62-рэ) щыкІэрыху зэпытщ. 2024-2025 гъэхэм ар проценти 5,38-м нызэрыхьэсащ икІи УФ-м ику иту щыщыІэм нэхърэ нэхъ мащІэщ ар - проценти 7,76-рэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Кинокавказ-2026»

Къэрал 16-м я лъэІу 600-м щІигъу къыІэрыхьащ накъыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІыну «Кинокавказ-2026» дунейпсо щІалэгъуалэ фестивалым.

ЕТХУАНЭУ мы гъэм екІуэкІ зэхыхьэм апхуэдиз иджыри къыздэсым хэтакъым, къызэгъэпэщакІуэхэм къызэрыхагъэщымкІи, абы къегъэлъагъуэ фестивалым хэтыну хуейхэр нэхъыбэ зэрыхъумрэ къыхуащІ гулъытэр зыхуэдэмрэ.

Фестивалым ирагъэхьа лэжьыгъэхэм къызэщІаубыдэ Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэри жанр зэмылІэужьыгъуэхэри: драмэ, триллер, дзэ кино, тхыдэ, биографие фильмхэр, дэфтэрхэр зи лъабжьэхэр. Апхуэдэуи абыхэм яхэтщ анимацэмрэ макъамэ мультфильмхэмрэ, цІыхухэм я гугъуехьхэм тепсэлъыхь нэтын кІэщІхэр.

Фестивалым къыхыхьа къэралхэм ящыщщ Испаниер, Армениер, Белоруссиер, Къыргъызыр, Къэзахъстаныр, Бразилиер, Италиер, Ираныр, Аргентинэр, Бельгиер, Индиер, Латвиер, Мексикэр, Тыркур, Узбекистаныр, Чилир. Урысейм къикІа лъэІухэм къызэщІаубыдэ щІыналъэ 65-рэ - Камчаткэм къыщыщІэдзауэ Калининград нэс. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым лэжьыгъэ 40-м щІигъу ягъэхьащ. Абыхэм яхэтщ Налшык щыщхэм я ІэдакъэщІэкІхэри.

«Кинокавказ - 2026» зэхыхьэр накъыгъэм и 14 - 16 махуэхэм Налшык къалэм Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкІэ и къэрал институтым щекІуэкІынущ. Ар зэхашэ Урысейм ЩэнхабзэмкІэ и министерствэр къадэІэпыкъуу. КъызэгъэпэщакІуэхэм я мурадщ мыбы мастер-классхэр щрагъэкІуэкІыну, урысей кинематографистхэм, артистхэм, ІэщІагъэлІхэм цІыхухэр Іуагъэщіэну.

Зэпеуэм хэтыну лэжьыгъэ 70 къыхахащ. Абыхэм хагъэхьащ джэгукІэ фильм кІэщІу 22-рэ, анимацэ фильм кІэщІу 17, телевизионнэ фильму 9, документальнэ фильму 13, социальнэ видеороликыу 9. ТекІуахэр игъэбелджылынущ урысей режиссёрхэр, сценаристхэр, продюсерхэр, актёрхэр, киноведхэр зыхэт къэпщытакІуэ гупым.

«Мы гъэм зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэ здэщыІэр фильм кІэщІ жанрырщ. Анимацэ лІэужьыгъуэми и бжыгъэм фІыуэ хэхъуащ. УегъэгуфІэ автор ныбжьыщІэ дыдэхэм къабгъэдэкІ лэжьыгъэхэм я бжыгъэм зэрыхэхъуам - фестивалым нэхъыщІэ дыдэу хэтым и ныбжьыр илъэс 15 къудейщ зэрыхъур», - къыхегъэщ фестивалым и продюсер Челикин Артём.

Фестивалым кърикІуахэр къыщызэщІакъуэжынущ саугъэтхэр щатыну пшыхьым, Налшык щекІуэкІынум.

Кавказ Ищхъэрэ щІалэгъуалэ кинофестивалыр кинематографист ныбжьыщІэхэм защІэгъэкъуэным, щэнхабзэ Іуэхухэмкіэ цІыхухэр зэрызэдэлажьэм зегъэужьыным хуэунэтІащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

Къулыкъум пэрохьэ

АДЫГЕЙ. **Мэлыжьыхьым и кІэм ирагъэжьэнущ «Адыгейм и лІыхъужьхэр» щІыналъэ программэм и ещанэ егъэджэныгъэ дерсхэр.**

МЫ Іуэхур хуэунэтІащ дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэр къэрал, щІыпІэ къулыкъущІапІэхэм щылэжьэным хуэгъэхьэзырыным. НэхъапэІуэкІэ абыхэм егъэджэныгъэ модулитІыр къызэранэкІащ икІи республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ ІэщІагъэм зыщыхагъэгъуэзащ.

Иджырей егъэджэныгъэ Іыхьэр махуипщІкІэ екІуэкІынущ, ар теухуауэ щытынущ «ЩІыналъэ, муниципальнэ управленэ» Іуэхум. ЕджакІуэхэм къэрал къулыкъущІапІэхэм я ухуэкІэм зыщагъэгъуэзэнущ: щІыналъэхэм зэрызаужь Іэмалхэмрэ щІалэгъуалэ политикэмрэ къыщыщІэдзауэ Іулъхьэм зэрыпэщІэтыпхъэ мардэхэм, инвестицэ хэлъхьэныгъэхэм нэс.

КъызэгъэпэщакІуэхэм къызэрыхагъэщамкІэ, программэм хъарзынэу щызэхэухуэнащ лекцэхэмрэ ІэнатІэм щызэрагъэгъуэт Іэзагъымрэ.

ДэІэпыкъуныгъэр зэпыуркъым

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **«Урысей зэкъуэт» политикэ партым жылагъуэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и штабым щекІуэкІащ дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэм ядэІэпыкъухэмрэ анэхэмрэ щагъэлъапІэ зэхыхьэ.**

ДЗЭ Іуэху хэхам хэтхэм зэрызыщІагъакъуэм, жылагъуэ лэжьыгъэм хуащІ хэлъхьэныгъэм папщІэ республикэм и цІыху гуащІафІэхэр медалхэмрэ фІыщІэ тхылъхэмкІэ ягъэлъэпІащ. ЗэІущІэм къыщыхагъэщащ Хэкум и хъумакІуэхэм, абыхэм я унагъуэхэм защІэгъэкъуэным мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

«Ромашка» НКО-м и унафэщІ Пархоменкэ Наталье жиІащ волонтёр Іуэхум ЩІалэгъуалэ политикэмкІэ управленэм и унафэщІу лажьэу зэрыхыхьар, хэкупсэ гъэсэныгъэмрэ волонтёр лэжьыгъэмрэ ифІэфІу зэрызэдихьыр. «Зым игъэлъагъуэ щапхъэм мыхьэнэшхуэ иІэщ. Хуэныкъуэхэм дазэрыдэІэпыкъун зэхуэсхьэсу къыщІэздзауэ арат сэ. Ар Къырымым, итІанэ Армавир едгъашэрт. ИужькІэ нэгъуэщІ щІыналъэхэм щыщ си акъылэгъухэм сарихьэлІэри, Іуэхум нэхъ зезгъэубгъуащ», - жиІащ Наталье.

КъызэгъэпэщакІуэхэм волонтёрхэмрэ ветеранхэм я анэхэмрэ фІыщІэ хуащІащ псэемыблэжу Іуэхум зэрыхэлэжьыхьым папщІэ.

Нэхъ убзыхуа хъунущ

АБХЪАЗ. **Сыхъум къэрал колледжым Іэтауэ къыщызэІуахащ япэ волонтёр центрыр. Ар иджы волонтёрхэр щызэхуэзэну, щызэдэлэжьэну утыку хъарзынэщ. Абы ныбжьыщІэхэр щрагъэджэфынущ, чэнджэщ щагъуэтынущ, лэжьыгъэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэри щаубзыхуфынущ.**

ІУЭХУР зэфІахынымкІэ сэбэп хъуащ «Урысейр Іэмалхэм я къэралщ» платформэмрэ «Добро.рф» ассоциацэмрэ. Центрым и лэжьыгъэм унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр къызэщІиубыдэнущ - «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр», «Волонтёр ротэ», медицинэ, экологие, щІэныгъэ волонтёрхэр щыІэнущ.

Ар къыщызэІуахым хэтащ вице-премьер, ЩІалэгъуалэмрэ спортымкІэ къэрал комитетым и унафэщІ Хьэгъбэ Таращ, Парламентым и депутат Садзбэ Инар, «Абхъазым и командэ» АНО-м и унафэщІ Габуние Георгий, Іуэхур зи нэІэ щІэт Делбэ Самантэ, школакІуэхэмрэ студентхэмрэ. Вице-премьерым къыхигъэщащ республикэм и унафэщІхэм «къэрал ухуэныгъэм сэбэп хуэхъу» щІалэгъуалэ жэрдэмхэм гулъытэ хэха зэрыхуащІыр. Вице-премьерым къыхигъэщхьэхукІащ волонтёр зэщІэхъееныгъэм зегъэужьыным езым хуищІа хэлъхьэныгъэри.

Габуние Георгий къыщыпсалъэм нэхъ зытригъэщІар утыкур зыми зэремыщхьырщ: «Центрыр, ипэжыпІэкІэ, республикэм и волонтёрхэм я япэ еджапІэщ. Іуэхум лъабжьэ хуэхъун хуейр, лъэпкъ хабзэхэм, къызэригъэувым тету, зыр зым дэІэпыкъуныршщ. Абхъазым и щІэблэм Іэмал псори яІэнущ жылагъуэм щхьэпэну жэрдэмхэр зрагъэхъулІэнымкІэ».

Парламентым и депутат Садзбэ Инари щІалэгъуалэм ехъуэхъуащ я мурадхэр зрагъэхъулІэну икІи ядэІэпыкъуну зэрыхьэзырыр жиІащ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

Сурэтхэр «Советская Адыгея» газетым, «РИА КъШР», «Апсны-пресс» хъыбарегъащІэ агентствэхэм я сайтхэм къитхащ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● Дызэкъуэту

ЛIыхъужьхэм гугъуехьхэр щхьэщах

Псыхуабэ къалэм щыIэ «ТАСС Кавказ» щIыналъэ хъыбарегъащIэ центрым щекIуэкIащ «Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондыр къызэрызэрагъэпэщрэ блэкIа илъэсищым КИФЩI-м и щIыналъэхэм зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэм ятеухуа зэIущIэ. Абы ирагъэблэгъащ фондым и Ставрополь, Осетие Ищхъэрэ – Алание, Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэхэм я унафэщIхэр.

АХЭР тепсэлъыхьащ я лэжьыгъэм щынэхъыщхьэ унэтIыныгъэхэмкIэ яхузэфIэкIахэм, зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм. Абыхэм хохьэ СВО-м и ветеранхэр лэжьыгъэ IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр, абыхэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэкIуэдахэм я бынхэмрэ егъэджэныгъэ IуэхукIэ защIэгъэкъуэныр, я псэупIэхэр я узыншагъэм хуэкIуэу зэгъэпэщыныр, психологие дэIэпыкъуныгъэхэр ягъуэтыныр, къэралым, щIыналъэм я щэнхабзэ, спорт гъащIэм ахэр къыхэшэныр, нэгъуэщIхэри.

«Хэкум и хъумакIуэхэр» къэрал фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Дадэ МуIэед зэIущIэм щытепсэлъыхьащ дзэ Iуэху хэхам хэтахэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIа къалэнхэм зэрехъулIэм.

«Гулъытэ хэха худощI ахэр лэжьыгъэ IэнатIэкIэ къызэгъэпэщыным, сыту жыпIэмэ, апхуэдэ лъэIукIэ цIыху куэдым зыкъытхуагъазэри. Мыхьэнэшхуэ зэтт унэтIыныгъэу щытщ ар ди дежкIэ. Пэжыр жыпIэмэ, нобэкIэ дызэрыхуейм хуэдэу тхузэфIэгъэкIыркъым а Iуэхур. Ди нэIэ зытет ветеранхэм я процент 64-рщ лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэща, я щхьэ Iуэху зезыхуэж хъуар. Абы къикIращи, ди ветеранхэм я процент 36-р IэнатIэхэм поплъэ.

Дзэ Iуэху хэхам хэтахэм я нэхъыбэм езыхэм я IэнатIэхэр къызэIуахащ, къэрал, муниципальнэ къулыкъухэр зэрахьэ е уней IуэхущIапIэхэм щолажьэ. Я нэхъыбэм Iэщ, джэдкъаз я унэ щагъашхэ, жыг хадэ щызэрахьэ. Дауи, дыхуейт, ветеранхэм я нэхъыбэр къэрал, уней IуэхущIапIэхэм, нэгъуэщIхэми IэнатIэ щыпэрыту официальнэу абыхэм щылэжьэну.

НобэкIэ, ди фондымрэ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ къащхьэщыжынымкIэ и министерствэмрэ зэгъусэу долажь ар зэдгъэхъулIа зэрыхъуным. Догугъэ, социальнэ зэгурыIуэныгъэхэм я фIыгъэкIэ (уней IуэхущIапIэхэр къызэзыгъэпэщын мурад зиIэхэм сом мин 350-м нэблагъэ, я щхьэ хуэлэжьэжыну зезыгъэтхахэм - сом мин 200-м нэблагъэ иратынущ) ветерану 100-м щIигъум официальнэу лэжьыгъэхэр яIэну. Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ социальнэ зэгурыIуэныгъэ зращIылIэхэм я унагъуэхэм я хэхъуэр къамыгъэлъагъуэми зэрыхъунур, абы ехьэлIауэ унафэ зэрыщыIэм къыхэкIыу», - жиIащ Дадэ МуIэед.

Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ республикэм и IуэхущIапIэ нэхъ инхэм, нэхъыбэу мэкъумэш IэнатIэм пыщIахэм, КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэм, КъБР-м и Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм зэгурыIуэныгъэхэр фондым зэрыращIылIар.

КъБР-м и фондым и унафэщIым къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ егъэджэныгъэ IуэхухэмкIэ ветеранхэм защIэгъэкъуэным ехьэлIауэ лэжьыгъэ пыухыкIахэр зэрырагъэкIуэкIыр.

«Къэралым щыIэ хабзэм ипкъ иткIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэгурыIуэныгъэхэр етщIылIащ. Дэ абы дебакъуэркъым икIи ар къызэпыдудыркъым, ауэ ветеранхэр щыщIэтIысхьэкIэ, абыхэм дадоIэпыкъу», - къыхигъэщащ абы.

Апхуэдэуи Дадэм жиIащ: «СВО-м къикIыжахэм ящыщу процент 60-м еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ курытхэмрэ къаухащ. Адрейхэм курыт щIэныгъэ яIэщ. Иужьрейхэм чэнджэщ ядот колледжхэм щIэтIысхьэну. Сыту жыпIэмэ, IэщIагъэ зиIэм и щхьэр хуэпIыжынущ. Мыдрейуэ, колледжым и диплом зиIэми школ фIэкIа къэзымыухами фондыр ядоIэпыкъу, щIэныгъэ ищхьэ зрагъэгъуэтыну жэрдэм абыхэм ящIауэ щытмэ.

Ветеранхэм я дэфтэрхэр вузхэм щIалъхьэ, дэ адэкIэ - лъэIухэр яхудогъэхь, щыIэ квотэхэм ахэр хэгъэхьэн хуэдэу. ХэкIыпIэфIщ ар».

СВО-м ныкъуэдыкъуагъэ хэзыхахэм я псэупIэхэр абыхэм я узыншагъэм хуэкIуэу яхузэгъэпэщыным, протезхэмкIэ, нэгъуэщI техникэ, IэмэпсымэхэмкIэ защIэгъэкъуэным ехьэлIауэ ялэжьхэми тепсэлъыхьащ Дадэ МуIэед.

НобэкIэ, апхуэдэ ветеранхэм я псэупIэу 37-р абыхэм я узыншагъэм хуокIуэ. Илъэсым зэрыщIидзэрэ псэупIэу 5 зыхуей хуагъэзащ. Иджыри псэупIэу 29-м я дэфтэрхэр хьэзырщ, абыхэм ехьэлIауэ комиссэм унафэ къищтащ. Къыхэгъэщыпхъэщ районхэм щыIэ комиссэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр зэрагъуэтар: абыхэм хагъэхьащ фондым и лIыкIуэхэри. Абыхэм зэгъусэу псэупIэхэм я щытыкIэр къапщытэ, дэфтэрхэри ягъэхьэзыр.

ИужькIэ дэфтэрхэр Мэзкуу къалэм ягъэхь, абыхэм ехьэлIауэ унафэ кърагъэщтэн, ветеранхэр зыхуэныкъуэ оборудованэхэмрэ техникэхэмрэ къыхудахын щхьэкIэ. НобэкIэ апхуэдэ дэфтэру 17 яутIыпщащ, ахэр зэрагъэкIуатэм фондым и нэIэ тригъэтщ. ПсэупIэхэр зыхуей хуэгъэзэным имызакъуэу, техникэ зэхуэмыдэхэмкIи ветеранхэр къызэрагъэпэщ. Щхьэхуэу абыхэм къахыхьащ дзэ Iуэху хэхам ныкъуэдыкъуагъэ щызыгъуэтахэм я узыншагъэм хуэщIа щыгъынхэр абыхэм къахудэхыныр. НобэкIэ ветеран 12-м апхуэдэ щыгъынхэр иратакIэщ.

«Ар щыгъын бэлыхьщ, илъэсым и сыт хуэдэ лъэхъэнэми хуэщIащ. ЩIалэхэм ягу ирохь икIи абы и лъэныкъуэкIэ ди лэжьыгъэм адэкIи пытщэнущ», - щыжиIащ зэIущIэм Дадэ МуIэед.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэща хъунымкIэ КъБР-м и фондым и лэжьыгъэр къигъэтIасхъэркъым, ауэ, КъБР-м и фондым и унафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, республикэм абыхэм ехьэлIауэ щылажьэ программэхэмрэ къэрал дэIэпыкъуныгъэхэмрэ ахэр щыгъуазэкъым икIи ар абы игу къоуэ.

«ГъэщIэгъуэнщ, ди республикэ цIыкIум щылажьэ программэхэм щымыгъуазэ ветеранхэр ди деж къакIуэхэм къазэрыхэкIыр. Абы къыхэкIкIэ, иджыпсту ди къалэн нэхъыщхьэу щытыр - цIыхухэм ахэр едгъэщIэнырщ. Абы щхьэкIэ дэ жыджэру къыдогъэсэбэп муниципалитетхэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмрэ, соцсетхэри яхэту. Лэжьыгъэр зыхуэунэтIар дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, абы хэкIуэдахэм, хъыбарыншэ щыхъуахэм я унагъуэхэм фондыр зэрадэIэпыкъуфыну Iэмалхэм ахэр щыгъэгъуэзэнырщ. Дэ дыхьэзырщ ди лIыхъужьхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIэдгъэкъуэну», - жиIащ Дадэм.

КъБР-м и фондым и унафэщIыр тепсэлъыхьащ абы я деж щыIэ психологие къулыкъум ветеранхэм, СВО-м хэкIуэдахэмрэ хъыбарыншэу кIуэдахэмрэ я унагъуэхэм ядригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм.

«Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр нэхъыбэу щеттыр ди фондым и хэщIапIэрщ. Махуэ къэс психологыу тIу диIэщ, захъуэжхэурэ чэзукIэрэ мэлажьэ, зэпыу щымыIэу», - жиIащ абы.

Дадэ МуIэед къызэрыхигъэщамкIэ, ветеранхэм, абыхэм я унагъуэхэм психологие дэIэпыкъуныгъэхэм зыщадзейуэ щытащ япэм, ди щэнхабзэм апхуэдэ Iуэхугъуэ къызэрыдемыкIуэкIам къыхэкIыу.

«Ди жагъуэ зэрыхъущи, психологхэм я деж гугъуущ ахэр къызэрыкIуэу щытар япэм. КърагъэкIуу къыщIэкIынтэкъым апхуэдэ щхьэусыгъуэкIэ дохутырым зыхуагъэзэну. Махуэм къриубыдэу зы цIыху закъуэ фIэкIа ди деж къыщымыкIуа зэмани щыIащ. Ауэ Iуэхум иджыпсту зихъуэжащ икIи 2024 - 2025 гъэхэм психологым и дэIэпыкъуныгъэхэм хуэныкъуэу цIыху 698-рэ фондым къэкIуащ.

Ди хэщIапIэм нэмыщI, апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр щрат ахэр зыщыпсэу щIыпIэхэми. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм зэгурыIуэныгъэ етщIылIауэ сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ я психологхэр абыхэмрэ я унагъуэхэмрэ къадолажьэ», - къыхигъэщащ Дадэм.

КъищынэмыщIауэ, ветеранхэр курортхэмрэ санаторэхэмрэ щыщыIэм дежи психологхэр якIэлъокIуэ. ЦIыху 15 - 20-м нэс зэуэ зэхуешэсри, ядолажьэ, е, хуей хъумэ, щхьэхуэуи дэIэпыкъунущ. Психиатр хуэныкъуэ ветеранхэм къахэкIмэ, республикэ центрым ягъакIуэ.

КъБР-м и фондым и унафэщIыр зэIущIэм щытепсэлъыхьащ щэнхабзэ, спорт Iуэхугъуэхэм ветеранхэр къыхэшэным ехьэлIауэ ящIэхэми.

«Илъэс блэкIам КъБР-м щекIуэкIащ «КИФЩI-м щыщу Хэкум и хъумакIуэхэр» Кубокыр къэхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Ди деж ар щедгъэкIуэкIын мурад зэрыдиIэр республикэм и IэтащхьэКIуэкIуэ Казбек щыжесIам, занщIэу къыздиIыгъащ. Абы жиIащ: «Ар екIуу едгъэкIуэкIын хуейщ!» А псалъэхэри ди гъуазэу щытащ», - къыхигъэщащ Дадэм.

Зэхьэзэхуэр дахэу къызэрагъэпэщащ икIи екIуу ирагъэкIуэкIащ. Абы кърихьэлIащ Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я ветеранхэр. Зэхьэзэхуэхэм зэныбжьэгъугъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ щытепщэу щытащ. Ветеранхэр нобэми зэрощIэ икIи зэрыIыгъщ.

«Иджыпсту республикэм иIэщ IэрыщI мыл зэрылъ уардэунэр. Абыи Iэмал куэд къыдет щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм дзэ Iуэху хэхам хэтахэр дедгъэхьэхыну», - жиIащ Дадэ МуIэед.

Осетие Ищхъэрэ - Аланием футболымкIэ щекIуэкIа зэхьэзэхуэри гукъинэж ящыхъуащ ди ветеранхэм икIи, абы къыхэкIыу, топджэгу командэ къызэрагъэпэщын мурад щыIэщ.

ЗэIущIэм и кIэм хьэщIэхэм жэуапхэр иратыжащ «эфир занщIэм» псэлъахэм я упщIэхэм. Дадэ МуIэед къыхигъэщащ ветеранхэр мамыр гъащIэм къыхэшэжыныр мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхугъуэу зэрыщытыр.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Щытхъурэ фIыщIэрэ пылъу

● Фэеплъ

Техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик Щоджэн Аслъэнбэч Хьэжумар и къуэр (1936 - 2021) Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Урысей Федерацэм я щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зи гуащIэ ин хэзылъхьахэм, зи къалэмыпэм къыпыкIа лэжьыгъэ купщIафIэхэмкIэ цIэрыIуэ хъуа еджагъэшхуэхэм ящыщщ. АдыгэлI щыпкъэр, лъэпкъ щIэныгъэлI цIэрыIуэр къызэралъхурэ мы махуэхэм илъэс 90 ирокъу.

ЩОДЖЭН Аслъэнбэч Тэрч щIыналъэм хыхьэ Терекскэ (Болэтей) къуажэм 1936 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м къыщалъхуащ. 1954 гъэм абы къиухащ а лъэхъэнэм Къэбэрдейм и еджапIэ нэхъыфIу къалъытэу щыта, Налшык къалэ дэта школ-интернатыр. Еджэным, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным хуэнэхъуеиншэ щIалэщIэм мурад ищIащ бгъэдэлъ зэфIэкIым адэкIи хигъэхъуэну. А гуращэр иIэу ар кIуащ СССР-м и щыхьэрым дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым: Мэкъумэш IэнатIэр механизацэ, электрификацэ щIынымкIэ Москва дэт институтым (МИМЭСХ) электрификацэмкIэ и факультетым. Студент илъэсхэр жыджэру, купщIафIэу ирихьэкIащ Аслъэнбэч. Институтым щIэсыху ар хэтащ еджапIэм и комсомол комитетым, жэуаплыныгъэ зыпылъ къалэнхэр пщэрылъ къыщащIу, щIалэгъуалэр зэщIэгъэуIуэным епха Iуэхушхуэхэм я жэрдэмщIакIуэрэ къызэгъэпэщакIуэу. Апхуэдиз жыджэрагъ зыхэлъ щIалэм гу къылъамытэу къэнакъым. Щоджэным и цIэр иратхауэ щытащ институтым и комсомол комитетым и ЩIыхь тхылъым. Апхуэдэуи абы къыхуагъэфэщауэ щатащ ВЛКСМ-м и ЦК-м и ЩIыхь тхылъыр, дамыгъэри щIыгъуу.

1959 гъэм еджапIэ нэхъыщхьэр ехъулIэныгъэкIэ къэзыуха щIалэр щалъхуа щIыналъэм къэкIуэжащ, гупсысэщIэрэ жэрдэмыщIэрэ и куэду. А илъэс дыдэм къыщыщIэдзауэ ар инженеру щылэжьащ Бахъсэн ГЭС-м. ИужькIэ Налшык къыщызэIуахагъащIэ электроремонт заводым и цехым и унафэщIу ягъэкIуащ, «Къуажээнерго» IэнатIэм и инженер нэхъыщхьэу, политтехникумым и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэу лэжьащ.

Бгъэдэлъ зэфIэкIхэм, щIэныгъэм адэкIи хэгъэхъуэныр сыт щыгъуи зи хъуэпсапIэу екIуэкI Щоджэныр 1963 гъэм щIэтIысхьащ Тимирязевым и цIэр зэрихьэу Москва дэт мэкъумэш академием и аспирантурэм. Мыбдежми фIыкIэ зыкъыщигъэлъэгъуащ ди хэкуэгъум. Аспирант Щоджэныр еджапIэ нэхъыщхьэм и комсомол зэгухьэныгъэм и комитетым хагъэхьащ, иужькIэ абы и секретарь къулыкъури къыхуагъэфэщащ. А къулыкъум пэрытыху Щоджэным куэд хузэфIэкIащ. НэгъуэщI еджапIэ нэхъыщхьэхэм хагъэхьэжу, иужькIэ къыхагъэкIыжу, гугъу ехьу къекIуэкIа IуэхущIапIэр институт щыхъужым, абы къыщызэригъэпэжыфащ цIыху мини 5 зыхэт комсомол зэгухьэныгъэ, ректоратымрэ парткомымрэ и дэIыпыкъуэгъуу.

А лъэхъэнэр игу къыщигъэкIыжкIэ, Аслъэнбэч тепсэлъыхьыжырт комсомол, парт Iуэхухэм нэхъ кууэ хыхьэну Iэмал къыхукъуэкIауэ зэрыщытар. АрщхьэкIэ абы и хъуэпсапIэр политикэ лэжьыгъэм пэрытынратэкъым, атIэ къызытекIухьа кандидат диссертацэр игъэхьэзыру ар ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIыныр арат.

Апхуэдэуи хъуащ. 1968 гъэм Аслъэнбэч, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуауэ, Налшык къигъэзэжащ. КъБКъУ-м лэжьыгъэ щимыгъуэту, Орджоникидзе (иджы Владикавказ) кIуащ. Институтым электрификацэмкIэ факультет къыщызэIуахагъащIэти, IэщIагъэлIхэр яхурикъуртэкъым. Арати, адыгэ щIалэр занщIэу «Теоретические основы электротехники, электроснабжение и автоматика» кафедрэм и унафэщIу ягъэуващ. Аслъэнбэч зи пашэ кафедрэщIэр зэман кIэщIым къриубыдэу нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ ищIыфащ. Ар хъуат Iэмэпсымэ псори зыщIэт лабораториеу 6 зиIэ IэнатIэфI.

Щоджэн Аслъэнбэч 1969 гъэм КъБКъУ-м кърагъэблэгъэжащ. «Электротехника» кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжьу езыгъэжьа джылахъстэней щIалэм зэман кIэщIым къриубыдэу кафедрэм и доцент, факультетым и парт бюром и секретарь хъуащ. Илъэситху дэкIри, 1974 гъэм, Щоджэныр ящIащ кафедрэм и унафэщI. Егъэджэныгъэр лъагапIэщIэхэм нэзыгъэсыну хущIэкъу щIэныгъэлIым и жэрдэмкIэ, университетым къыщызэIуахауэ щытащ электротехникэ IэщIагъэм щыхурагъаджэ къудамэ. ЛэжьыгъэфI дыдэ щызэтриубла кафедрэм, жыпIэнурамэ, къыкIэлъыкIуа илъэситIым и кIуэцIкIэ лабораторэ лэжьыгъэ 50-м щIигъу щагъэзэщIат, кафедрэри КъБКъУ-м щынэхъ лъэщхэм халъытэ хъуат.

Мэкъумэш факультетым къыхагъэкIыу мэкъумэш хозяйствэм и механизацэ къудамэр къызэIуаха нэужь, ар факультетыщIэу зэтраублэри, Аслъэнбэч унафэщIу ягъэуващ. Сыт щыгъуи Iуэху зехьэкIэ мардэхэр лэжьыгъэм хэзылъхьэ щIэныгъэлIыр мыбдежми а хьэлым тетащ. ЩIытхъурэ фIыщIэрэ пылъу а къалэнри ирихьэкIащ Щоджэным.

Илъэс 45-рэ ипэкIэ, 1981 гъэм и гъэмахуэм, СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къыдигъэкIауэ щытащ КъБКъУ-м и мэкъумэш факультетхэр и лъабжьэу, ди республикэм и къалащхьэ Налшык мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэ къыщызэгъэпэщыным теухуауэ. А еджапIэ нэхъыщхьэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэми зэман кIэщIкIэ яхэтащ Аслъэнбэч, иужькIэ КъБКъУ-м игъэзэжащ. Куэд дэмыкIыуи щIэныгъэ-производствэ IэнатIэм щыпищащ. Ар щылэжьащ Вольт лъагэ зиIэ аппаратурэхэр щащI заводым (ЗВВА) и щIэныгъэ къудамэм, «Технoприбор» зэгухьэныгъэм. ЖэрдэмыщIэхэр зи куэд щIэныгъэлIым къызэIуихауэ щытащ «Электротехнологие» IуэхущIапIэр. Ар и лъабжьэу, и тегъэщIапIэу Аслъэнбэч аргуэру хыхьэжауэ щытащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэм.

«Электротехнологие» IуэхущIапIэр игъэлажьэурэ, Щоджэным абы щригъэкIуэкIащ гъэунэхуныгъэ хьэлэмэтхэр. А псори абы къыщызэщIикъуэжащ и доктор диссертацэм. А къэхутэныгъэ хьэлэмэтыр, монографие щхьэхуэ хъуар, абы 2003 гъэм Москва щыпхигъэкIащ, ехъулIэныгъэ пылъу. Техникэ щIэныгъэхэмкIэ доктор цIэ лъапIэр зыфIаща адыгэлIым иужькIэ лэжьыгъэм щыпищащ Къэбэрдей-Балъкъэрым БизнесымкIэ и институтым. Пенсэ тIысыжын и пэ къихуэу, ар илъэситIкIэ КъБКъУ-ми щылэжьащ.

Ди республикэм и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэхэм я ехъулIэныгъэм зи зэфIэкIышхуэ езыхьэлIа IэщIагъэлI щыпкъэхэм, лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа еджагъэшхуэхэм халъытэ Щоджэн Аслъэнбэч Хьэжумар и къуэр. ЗэфIиха апхуэдэ лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, еджагъэшхуэм и къалэмыпэм къыпыкIащ къэхутэныгъэ купщIафIэхэр. Псори зэхэту абыхэм я бжыгъэр 90-м щIегъу. Абыхэм ящыщ зыбжанэ къытрадзащ «Электроника» щIэныгъэ журнал цIэрыIуэм, ди къэралым, хамэ щIыналъэхэм къыщыдэкI нэгъуэщI журналхэм. Техникэ щIэныгъэхэм дахьэх студентхэм, аспиранхэм я стIолыщхьэхэм нобиелъщ профессор цIэрыIуэм и къалэмыпэм къыпыкIа зэреджэ тхылъхэр. КъинэмыщIауэ, Налшык, Москва къалэхэм къыщыдэкI газетхэм, журналхэм технико-экономикэ, социально-политикэ Iуэхухэм ятеухуа публицистикэ тхыгъи 150-м щIигъу къытрыригъэдзащ Щоджэным.

ЗэфIигъэкIа лэжьыгъэшхуэм папщIэ Щоджэн Аслъэнбэч къыхуагъэфэщащ СССР-м и Школ нэхъыщхьэм и профсоюзхэм я ЦК-м и ЩIыхь тхылъыр. Ар Урысейм и Журналистхэм я союзым хэтащ. ПщIэ хуащIу ар хагъэхьауэ щытащ ЩIДАА-ми.

Апхуэдэ гъащIэ купщIафIэ, Iуэхугъуэ хьэлэмэтхэмрэ гупсысэ куухэмкIэ гъэнщIа илъэсхэр езыхьэкIа Щоджэн Аслъэнбэч Хьэжумар и къуэм и фэеплъыр щIэныгъэ дунейм куэдрэ щымыкIуэдыжынщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Нобэ Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

ГъащIэ кIыхьым и шэсыпIэ

Дунейм тет дэтхэнэ зы цIыхуми Iэмал иIэн хуейщ, зыщыщ лъэпкъми и ныбжьми емылъытауэ, узыншэу псэуну. ЩIыгум щыIэкъым узыншагъэ нэхърэ нэхъ лъапIэ. Абы хуэфащэ гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэр жылагъуэм я деж нэхьэсыныр, ар егъэфIэкIуэным хуэунэтIа Iуэху щхьэпэхэр убзыхуныр и щхьэусыгъуэу Узыншагъэм и дунейпсо махуэр ягъэуввауэ щытащ.

1950 гъэм щегъэжьауэ а махуэр мэлыжьыхьым и 7-м ягъэлъапIэ. Махуэшхуэм и тхыдэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ ООН-м къудамэ щхьэхуэу къызэригъэпэща Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) лэжьэн зэрыщIидзам. Абы и къалэн нэхъыщхьэр узыншагъэр хъумэн и лъэныкъуэкIэ цIыхухэр зыIууэ гугъуехьхэр зэфIэхыныгщ. Зэгухьэныгъэм хэтщ къэрали 194-рэ. ВОЗ-м и IуэхущIапIэхэр къэрали 150-м щыIэщ, абыхэм яхэтщ Урысейри.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ а махуэр цIыхухэр зыгъэгумэщI Iуэхугъуэшхуэхэм траухуэ хабзэщ икIи къыхуеджэныгъэ щхьэхуэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Лъы зытхэр сымаджэ куэдым ядоIэпыкъу», «Жыджэрагъыр гъащIэ кIыхьым и лъабжьэщ», «ЩIыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ мыщхьэпэхэм узыншагъэр щыхъумэн», «Лъыдэуейм узэрыпэщIэтынур», «Гъудэ-бадзэ лIэужьыгъуэхэм кърахьэкI узыфэ зэрыцIалэхэр», «Ерыскъыпхъэхэм я шынагъуэншагъэр», «Фошыгъу узым дытекIуэнущ!», «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм щыхуащIэ IуэхутхьэбзэхэмцIыху псори къызэщIегъэуыбыдэн», «Ди планетэ, ди узыншагъэ», «Си узыншагъэр си хуитыныгъэщ», нэгъуэщIхэри.

Мы гъэм Узыншагъэм и дунейпсо махуэр «Зэгъусэу узыншагъэм дыхуокIуэ. ЩIэныгъэм щIыгъуу» къыхуеджэныгъэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхухэр къыхураджэ щIэныгъэм и ехъулIэныгъэхэм дзыхь хуащIыну. Махуэшхуэм ипкъ иткIэ, ВОЗ-м ирегъэкIуэкI «Псоми я зэхуэдэ узыншагъэ» дунейпсо зэхыхьэр (мэлыжьыхьым и 5 - 7-хэм), зэгухьэныгъэр зыдэлажьэ центрхэм я Япэ зэхуэсышхуэр (мэлыжьыхьым и 7 - 9-хэм).

ЦIыхум и узыншагъэр, псом япэрауэ, зэлъытыжар езырщ. И чэзум зыкIэлъыбгъэплъыным узыфэ куэдым ущихъумэнущ, ар гъащIэ кIыхьым и шэсыпIэщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдым я узыншагъэм хуэфащэ гулъытэ хуащIыркъым. Зэран къахуэхъу хьэлхэм зыщадзеиным дохутырхэм сыт хуэдизрэ къыхурамыджэми, абыхэм я чэнджэщхэм тетыр мащIэщ, зыкъыщащIэжыр узым къыхигъэщIа нэужьщ. Узыншагъэ быдэр ар гъащIэ насыпыфIэм, зэIузэпэщым я лъабжьэщ. Я къару илъу нэхъыбэрэ псэун папщIэ ВОЗ-м цIыхухэр къыхуреджэ хьэуа къабзэм хэту нэхъыбэрэ къакIухьыну; щыс зэпыту зи IэнатIэр езыхьэкIхэм къару зыхалъхьэ лэжьыгъэхэр тхьэмахуэм тIэу-щэ ягъэзэщIэну; тэмэму шхэну - дагъэ зыщIэлъ ерыскъыхэр, фошыгъур, шыгъур ягъэмэщIэну, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ нэхъыбэ ящIыну; Iэпкълъэпкъым тэмэму зигъэпсэхун папщIэ сыхьэти 7 - 8-кIэ жеину; тутынымрэ фадэмрэ пэIэщIэ защIыну. Узыншагъэм дежкIэ нэхъыщхьэу икIи мыхьэнэшхуэ зиIэу а зэгухьэныгъэм къигъэлъагъуэр физическэ жыджэрагъырщ.

ЦIыхум и узыншагъэр хъумэныр, ар егъэфIэкIуэныр дэтхэнэ зы къэралыгъуэми и къалэн нэхъыщхьэщ. Апхуэдэу сабий узыншэ къэгъэхъунымрэ и цIыхухэм къагъащIэ илъэс бжыгъэм хэгъэхъуэнымрэ. А Iуэхухэм ехъулIэ къэралым жылагъуэ лъэщ къыщIэтэджэнущ. Дэ ди къэралым а Iуэхум гулъытэшхуэ щыхуащI, абы и щыхьэтщ «Демография», «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, а проектхэмкIэ къыпхуэмылъытэн лэжьыгъэшхуэ щIыналъэм щрагъэкIуэкI, республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм игъуэт зыужьыныгъэхэм лъабжьэ яхуэхъур ахэращ. А IуэхумкIэ ефIэкIуэныгъэ щхьэхуэхэр зэрыдиIэм и щыхьэтщ медицинэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ ди республикэр къэралым щыпашэу къалъытэхэм зэрыхабжэр.

Узыншагъэм и дунейпсо махуэм зэхыхьэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкI. Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, Профилактикэ медицинэмкIэ лъэпкъ медицинэ къэхутакIуэ центрым, «Волонтёры-медики» къэралпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм зэгъусэу гъэ къэс мы махуэхэм къызэрагъэпэщ «Узыншэу щыт!» урысейпсо зэхыхьэр. Iуэхум и къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэм я узыншагъэм гулъытэ хуегъэщIынырщ, хьэл-щэн мыхъумыщIэхэм зыщадзеиным къыхуеджэнырщ, дохутырхэм, щIэныгъэлIхэм абы и лъэныкъуэкIэ ягъэувхэм ткIийуэ зэрытетын хуейр гурыгъэIуэнырщ.

А махуэм медицинэ IуэхущIапIэхэм къыщызэрагъэпэщ цIыхухэм я узыншагъэр зэрахъумэным, зэрызэтрагъэувэжыным теухуауэ чэнджэщ щхьэпэхэр щат зэIущIэхэр.

Апхуэдэу Узыншагъэм и махуэм ирихьэлIэу илъэс зыбжанэ хъуауэ Налшык къыщызэрагъэпэщ «ГъащIэм хуэкIуэ лъэбакъуипщI» урысейпсо Iуэхугъуэр. Мы гъэм ар екIуэкIащ мэлыжьыхьым и 5-м. Iуэху щхьэпэр я жэрдэмщ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ «Лъэпкъ узыншэм и хасэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэмрэ.

Зэхыхьэм хэтащ зи узыншагъэр егъэфIэкIуэным хущIэкъу цIыху миным щIигъу. Абыхэм пашэ яхуэхъуащ Къалэбатэ Рустам. Абы жиIащ лъэсу къэкIухьыныр узыншагъэр езыгъэфIакIуэ Iуэхухэм зэращыщыр, къэкIухьыным сыт хуэдэ ныбжьым итри узыфэ куэдым зэрыщихъумэр.

«Узыншагъэр - ар дэтхэнэми и хуитыныгъэщ» къыхуеджэныгъэм щIэту екIуэкIа Iуэхум гъуэгуанитI къыщыгъэлъэгъуат: тыншрэ гугъурэ. Гъуэгуанэ нэхъ тыншыр къыхэзыхахэм НыбжьыщIэхэм я театрым и утыкум къыщыщIэдзауэ Курзалым нэс кIуэри къагъэзэжащ, лъэбакъуэ минипщI къакIуауэ. Адрей гупым лъэбакъуэ мин 14 къызэранэкIащ, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм ит гуэлиплIыр зэщIагъэхьэри, гъуэгуанэ нэхъ тыншымкIэ къыщыщIадза щIыпIэм къекIуэлIэжащ.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, махуэм кърибубыдэу лъэбакъуэ мини 5 нэхърэ нэхъ мащIэ зыч цIыхум гум, лъынтхуэм епха узыфэхэр иIэнкIэ шынагъуэ нэхъыбэ щыIэщ. Лъэбакъуэ 7500 - 9999-рэ хъу гъуэгуанэр махуэм зэпызычхэм я Iэпкълъэпкъ псори хъарзынэу зэщIэкIыу къалъытэ. Ауэ узыншагъэр хъумэнымкIэ Iэмал нэхъыфIу икIи нэхъ тыншу ябжыр лъэбакъуэ 10000, абы нэхърэ нэхъыбэ махуэм кърибубыдэу пкIуныргщ.

Лъэс зекIуэр яублэным ипэ къихуэу НыбжьыщIэхэм я театрым и унэм щылажьащ къалэ поликлиникэ №1-м и медицинэ пункт. Гукъыдэж зиIэхэм абдеж пщIэншэу я узыншагъэм и щытыкIэр къыщапщытэну Iэмал яIащ: абыхэм я лъым хэлъ фошыгъум и лъагагъыр, лъым и зекIуэкIэр, гум и къеуэкIэр кърагъэпщащ, УЗИ ирагъэщIащ.

Гъуэгуанэм и кIыхьагъкIэ лъэс зекIуэм хэтхэм я лъыдэуейр къыщапщыну, волонтерхэм я пунктхэр щылэжьащ. КъэувыIэпIэ щхьэхуэхэм деж абыхэм псырэ мыIэрысэрэ къыщратащ. Iуэху щхьэпэм хэтахэм щыхьэт тхылъхэр иратыжащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дунейм щыхъыбархэр

Дунейкъутэжым дыхуэкIуэркъым

УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и УнафэщI Матвиенкэ Валентинэ къилъытэркъым жылагъуэр ещанэ дунейпсо зауэм хуэкIуауэ.

«ЕЩАНЭ дунейпсо зауэм теухуауэ жаIэхэм лъабжьэ яIэу къэслъытэркъым. Сэ къызэрысщыхъумкIэ, ди насыпщи, абы дыщIыхуэкIуэн щхьэусыгъуи щыIэкъым. Нэхъыбэу дызытепсэлъыхьын хуейр дунейпсо шынагъуэншагъэмрэ къэралхэм яку къыдэхъуэ дзыхьмыщIымрэ хэкIыпIэ къазэрыхуэдгъуэтынырщ. Пэжщ, дипломатие зэхущытыкIэ лъагэр щыIэжкъым, ауэ, итIани, дунейкъутэжым дыхуэкIуэу жыпIэныр къемызэгъыу си гугъэщ», - жиIащ абы.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ США-мрэ Израилымрэ Ираным пэщIэту ирахьэжьа Iуэхур геополитикэ щыуагъэшхуэу зэрыщытыр. Матвиенкэ жиIащ а къэралхэм Ираным и зэфIэкIыр нэсу къызэрамылъытар, дунейм щынэхъ пасэрей дыдэ лъэпкъхэм ящыщым, сыт хуэдэ уасэ щIатами, я щIыналъэр зэрахъумэнур.

КъэхъукъащIэ шынагъуэ

Дагъыстэным къыщешха уэшхышхуэм щIыналъэм хэщIыныгъэшхуэхэр къыхуихьащ. Псы къиуар Iуфэхэм къыщхьэдэхащ. Геджух псыхъумапIэм и псыIущIэр IуилъэсыкIащ. Дербент районым машинэ зыбжанэ псым щихьащ, Кирки къуажэм псы Iуфэм къыгуэхуахэм унэр щызэтракъутащ.

«Псыдзэм къытхуихьа къэхъукъащIэхэр, дызэрымыгугъауэ, нэхъ шынагъуэу къыщIэкIащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хэкIуэдахэр щыIэщ. Республикэм и гъэтIылъыгъэ фондым къыхэкIыу икIэщIыпIэкIэ абыхэм я унагъуэхэм зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэхэр зэрахуэтщIэным иужь дитын хуейщ», - щыжиIащ республикэм и унафэщI Меликов Сергей къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэр гъэзэкIуэжынымкIэ оперативнэ штабым и зэIущIэм.

ЩIыналъэм и унафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, псыдзэм и зэран нэхъыбэ екIащ Мэхъэчкъалэ, Дербент, Геджух къуажэм, Карабудахкент, Хасавюрт районхэм. Унэ мин бжыгъэхэм псыр ящIэуащ, абыхэм къыщIагъэIэпхъукIа цIыхухэм пIалъэкIэ щыпсэун хэщIапIэхэр къыхузэрагъэпэщащ.

Мэлыжьыхьым и 7, *гъубж*

♦Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

♦Рунетыр - урысыбзэкIэ лажьэ интернетыр (Ru дамыгъэр зиIэр) - къыщызэрагъэпэща махуэщ

♦Урысейм ягу къыщагъэкIыж псыщIагъырыкIуэ кхъухьым къулыкъу щызыщIэу хэкIуэдахэр

♦**1940 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я унафэщIу илъэс куэдкIэ щыта, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, АР-ми КъШР-ми щIыхь зиIэ я журналист **Мэзыхьэ Борис**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ усакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Къандурым и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бемырзэ Мухьэдин**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ кандидат **Уэркъуасэ Владимир**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 8, *бэрэжьей*

♦Урысей анимацэм и махуэщ

♦УФ-мрэ Белоруссиемрэ я дзэ комиссариатхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦**1918 гъэм** адыгэ узэщIакIуэ, щIэныгъэлI Сихъу Сэфарбий и усэхэр зэрыт тхылъ къыдэкIащ.

♦1908 гъэм къалъхуащ Адыгэ Республикэм щыщ парт, совет лэжьакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Чэмокъуэ Аслъэнджэрий**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тыкъуэ Къаплъэн**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ Адыгеймрэ УФ-мрэ я цIыхубэ сурэтыщI, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теучэж**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Пащты Борис**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Къытхэхъуащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым адыгъуасэ къыщалъхуащ сабий 17. Абыхэм яшыщу 7-р хъыджэбз цIыкIущ, 10-р щIалэщ.

Мэлыжьыхьым зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабии 140-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 2444-рэ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Насып зимыIэм и дзэр хъудырми IуещIыкI.

Напэмрэ щIыхьымрэ и гъуазэт

Адыгэр дэнэ щымыIами, адыгэу къэнэжыныр и къалэн нэхъыщхьэу зыгъэувым сыту пщIэшхуэ къилэжьрэ! Псом хуэмыдэу, а цIыхур хамэ къэрал щалъхуамэ, щапIамэ, хамэ щэнхабзэм хэпсэукIамэ. Арами, и анэдэлъхубзэмрэ щэнхабзэмрэ и щIасэу къыдэгъуэгурыкIуарэ абы и бынхэри щIипIыкIамэ. ГъащIэр хьэхущ икIи чэзущ... Дунейм ехыжащ Тыркум и мызакъуэу, адыгэ щыпсэу къэрал куэдым зи цIэр фIыкIэ щыжаIэу къэгъуэгурыкIуа НэтIабжьэ Жанхъуэт.

АДЫГЭ хабзэмрэ щэнхабзэмрэ фIыуэ щыгъуазэ, хэхэс адыгэхэм и щхьэ зрахьэлIэу щыта цIыху щыпкъэ, Iущ НэтIабжьэ Жанхъуэт и унагъуэр щIыгъуу Иорданием ирагъэблэгъауэ щытащ, абы адыгэ щэнхабзэмкIэ щыIэ HAMZA пащтыхь школым гъэсакIуэу щагъэлэжьэну. НэтIабжьэм хъыджэбзитI иIэт - Синэмисрэ Сэтэнейрэ. ТIури арыххэу адыгэ къафэм иритри, нобэр къыздэсым къафэмрэ хабзэмрэ пыкIакъым зэшыпхъуитIыр. ИужьыIуэкIэ унагъуэр щIыпIэ куэдым къыщыщIидзащ, ауэ, адыгэм и щIэиным я щIыб хуагъэзакъым.

- А къэралым илъэс зыбжанэкIэ дыщыпсэуауэ, ди адэ-анэр хэкумкIэ хъуэпсащ икIи тегушхуащ дыIэпхъуэжыным. «Узыщыпсэунуми узэрыпсэунуми уемыгупсысу зыпщIэзгъэкъуэну укъызогъэгугъэ, гъэсакIуэу си деж къыщынэ, адыгагъэмрэ хабзэмрэ цIыхухэр хуебгъаджэу», - жиIэу, Иорданием и пащтыхьым ди адэм зыкъыщыхуигъазэм: «Хьэуэ, сэ Хэкужьым сыкIуэжмэ нэхъ къэсщтэнущ», - жиIэри, Адыгэ Республикэм дыIэпхъуэжауэ щытащ. Абдежи ди псэм щыщ къафэр IэщIыб щытщIакъым, уеблэмэ музыкэ школым скрипкэм дыщыхуеджащ, къэфакIуэ гупми зэшыпхъуитIыр дыхэтащ. Ауэ, дызэримыгугъауэ гъащIэр хьэлъэу къыщIэкIащ, Iуэху зэIумыбз гуэрхэр къыкъуэкIри, Тыркум дымыгъэзэжу хъуакъым. Абы Синэмис сэрэ консерваторэм дыщыщIэтIысхьэри, илъэсиблкIэ дыщеджащ. Ар зэфIэкIри, зэшыпхъуитIым мурад тщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым дыIэпхъуэну, щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэдгъэгъуэтыну. Абы щыгъуэ ди адэм къыддиIыгъащ ар, дытригъэгушхуащ. КъБКъУ-м сервисымрэ туризмэмкIэ и къудамэм дыщIэтIысхьэри, къэдухащ, - жеIэ Сэтэней.

ЕджапIэм щIэсыху зэшыпхъуэхэр «Къафэ» ансамблым къыщыфащ, «Студент гъатхэ» фестивалым илъэс къэс щыжыджэращ, я Iэзагъыр къыщагъэлъагъуэу, иужькIэ «Кабардинка»-ми хэтащ. АпхуэдизкIэ къэфакIуэ Iэзэт, адыгэ хабзэмрэ щэнымрэ екIуу щIапIыкIауэ, псоми фIыкIэ къахэщырти, дэнэкIэ ягъэзами, «НэтIабжьэ Жанхъуэт и хъыджэбзитIыр» жаIэу ягъэлъапIэрт.

Адыгэ хабзэмрэ щэнымкIэ гъэсакIуэ Iэзэу Тыркумрэ Иорданиемрэ къыщацIыхуа НэтIабжьэ Жанхъуэт и бынитIыр езым хуэфэщэжыну, хабзэ ткIийхэм тету игъэсащ. Абы теухуауэ Сэтэней мыпхуэдэ хъыбар игу къегъэкIыж:

- Илъэситху сыхъуу арагъэнт абы щыгъуэ... Ди адэр илъэскIэ Иорданием щылэжьати, и Iуэхухэр зэтеува щыхъум, унагъуэри дриджэжащ, абы псори зэщIыгъуу дыщыпсэуну. Ди анэр, Синэмис, сэ дызэгъусэу аэропортым дыщытехьэм ди адэр къытпежьащ. Абы зы тхьэмадэ гуэр и гъусэт. Илъэс псокIэ дымылъэгъуа ди адэр дигу къэкIауэ, къызэрытлъагъуу зэшыпхъуитIыр IэплIэ зэIухакIэ дыщIэпхъуащ, зеддзыну. Ауэ, дызэрыщIэпхъуам нэхърэ нэхъ псынщIэжу дыкъызэтеувыIэжащ, ар нэщхъкIэ къыдэплъри. Ди пIэм дижыхьат тIури, ди лъэр тхуэзэблэмыхыжу. «Ди адэм фIыуэ дыкъыщIимылъагъужыр» къыдгурымыIуэу ди нэпсыр мыгъущу дыгъащ зыкъомрэ. «Апхуэдэу щхьэ ищIа?» - жысIэу, къытезгъэзэжурэ ди анэм сеупщIу дынэсащ унэм. Унагъуэр дэр-дэру дыкъыщынэм, ди адэм и лъэгуажьэм дытригъэтIысхьэри, ди нэм къыщIэплъэу, балигъым епсалъэм ещхьу жиIащ: «Хамэ щыту зэи IэплIэ къысхуэфщIыну фыкъызбгъэдэмыхьэ. Сыт хуэдизу сигу фыкъэкIами, адыгэлIым ар игъэлъагъуэ хъунукъым, цIыху щыту. Ар хабзэм къезэгъыркъым». Схуэмыубыдыж си нэпсхэм пичащ а псалъэхэр зэрызэхэсхыу. Абдежым щыщIэддзауэ, ди адэм и напэр зэрытедмыхыным, емыкIу къызэрыдмыхьыным яужь диту дыкъогъуэгурыкIуэ. Сыт хуэдизу ткIийуэ ди адэр къытхущытами, абы фIыуэ дыкъызэрилъагъум, ар къызэрытхуэгузавэм зэи шэч къытетхьакъым.

Адыгэбзэр, хабзэр, IэщIагъэр, макъамэ Iэмэпсымэхэр хамэщIым хъума щыхъуным зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIа НэтIабжьэр хэхэс адыгэхэм гуапэу ягу къинащ. Абы лъэпкъым хуилэжьар къыпхуэмыхутэну Iуэхушхуэщ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академиемрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ хэтхэр НэтIабжьэ Жанхъуэт и унагъуэм хуощыгъуэ, и лъэужьыр лъэпкъым махуэ тхуэхъуну Тхьэм жиIэ!

ФЫРЭ Анфисэ.

Зэманым декIу IэнатIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и санаторэ-курорт зыгъэпсэхупIэм и Iуэху зыIутым, дяпэкIэ зегъэужьынымрэ абыкIэ щыIэ хэкIыпIэхэмрэ ятеухуа «Iэнэ хъурей» Налшык къалэ щекIуэкIащ. Абы хэтащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм, щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, зыгъэпсэхупIэхэм я унафэщIхэмрэ дохутыр нэхъыщхьэхэмрэ, менеджерхэр, маркетологхэр, хьэрычэтыщIэхэр, щIыпIэ самоуправленэмкIэ органхэм, профсоюзхэм я лэжьакIуэхэр, еджапIэ нэхъыщхьэхэм щылажьэхэмрэ студентхэмрэ.

ЗЭХЫХЬЭМ и мурад нэхъыщхьэу щытар къэрал къулыкъущIапIэхэм, санаторэ-курорт зэгухьэныгъэхэм, хьэрычэт Iуэхум пэрытхэм, щIэныгъэлIхэм я къарур зэгъэуIуныршщ, КъБР-м и санаторэ-курорт IуэхущIапIэхэр сэбэпынагъ пылъу лэжьэным пыщIа гугъуехьхэр къахутэнырщ, ахэр гъэзэкIуэжынырщ, зегъэужьынырщ, лэжьакIуэкIэ къызэгъэпэщынырщ.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ зыгъэпсэхупIэмрэ узыншагъэр егъэфIэкIуэнымкIэ ди щIыналъэм щыIэ IуэхущIапIэхэмрэ зегъэужьыным ехьэлIа Iуэху нэхъыщхьэхэм. Абыхэм ящыщт КъБР-м и санаторэ-курорт IэнатIэм и иджырей щытыкIэмрэ зыужьыкIэ хъунумрэ; инфраструктурэр егъэфIэкIуэныр, Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъыр къэIэтыныр; IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыныр; щIыуэпс рекреацэ зэфIэкIымрэ инновацэ технологиехэмрэ къэгъэIэрыхуэныр; курорт Iуэхум зиужьын папщIэ щIэныгъэр, хьэрычэт Iуэхур къепхыныр, нэгъуэщIхэри.

КъБКъУ-м МенеджментымкIэ, туризмэмрэ хьэщIагъэ индустриемкIэ и институтым и унафэщI Лыджыдэ Рэмэзан къызэхуэсахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ. «Санаторэ-курорт комплексым республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ар ефIэкIуэн папщIэ егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, хьэрычэт IэнатIэм я къарур зэхэлъхьэн хуейщ. Дэ туризмэм зегъэужьынымкIэ Iэмалхэр зэхалъхьэн папщIэ методологие, къэхутэныгъэ дэIэпыкъуныгъэхэр еттыну, къэхутакIуэхэр зэлэжьыпхъэхэр зэфIэтхыну дыхьэзырщ», - къыхигъэщащ Лыджыдэм.

КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм туризмэм зегъэужьынымкIэ и къудамэм и унафэщI Къаскъул Виолеттэ и гугъу ищIащ «Налшык» федеральнэ мыхьэнэ зиIэ курортым зегъэужьынымкIэ хэкIыпIэхэм. 2025 гъэм ди республикэм туристу къакIуэм я бжыгъэр цIыху мелуани 2-м щIигъуащ. Республикэм и къалащхьэм щохьэщIэ цIыху мини 156-м щIигъу, абыхэм ящыщу мин 63-м санаторэ-курорт IуэхущIапIэхэм зыщагъэпсэхуащ. Нэхъ кхъахэ хъуа IуэхущIапIэхэр зэрагъэпэщыжмэ, иджыри цIыху мини 10-м нэс щIагъэтIысхьэфынущ. Къаскъулым къызэрилъытэмкIэ, мы IэнатIэм и гугъуехь нэхъыщхьэхэм ящыщщ лэжьакIуэ зэрахуримыкъур, апхуэдэуи зэгъэпщын хуейщ Iуэхутхьэбзэр зыхуей хуэзэу цIыхухэм яхуэщIэныр, маркетингыр зэтеублэныр, нэгъуэщIхэри.

- Туризмэмрэ хьэщIэщ IуэхумкIэ IэщIагъэлIхэм дахуэныкъуэм и закъуэкъым, - игъэбелджылащ къэпсалъэм. - ЩIыналъэм хурикъуркъым дохутыр-курортологхэр, медсестрахэр, медицинэ техникэмкIэ инженерхэр. Дэ иужь дитщ турист IэнатIэм и фIагъым зэрыхэдгъэхъуэным, IэщIагъэлI Iэзэхэр къызэретшэлIэным, цIыхухэм ягу дыхьэ зыгъэпсэхупIэхэр, я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ щIыпIэхэр нэхъыбэ зэрытщIыным.

Дохутыр Iэзэхэм, санаторэхэм я унафэщIхэм, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэм студентхэм я упщIэхэм жэуап иратащ икIи гупсысэщIэхэр къыхалъхьащ. Ар и щыхьэтт республикэм и санаторэ-курорт IэнатIэм зегъэужьыным щIалэгъуалэми гулъытэ зэрыхуащIым.

Iэнэ хъурейм хэтахэм къыхагъэщащ апхуэдэ зэIущIэхэр щIэхщIэхыурэ егъэкIуэкIын зэрыхуейр икIи мыпхуэдэ унафэхэр къыщащтащ: хущхъуэгъуэ зыхэлъ щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр къагъэсэбэпу технологиехэмрэ зэреIэзэ Iэмалхэмрэ егъэфIэкIуэн; санаторэ-курорт IэнатIэм щылэжьэнухэр гъэхьэзырын; курортологиемкIэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIын; IэнатIэм бжыгъэр и лъабжьэу зегъэужьын; маркетингымрэ КъБР-м и турист брендымрэ гъэкIуэтэн; егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэн; бальнеологие хъугъуэфIыгъуэхэм зегъэужьын. Мы жэрдэмхэмрэ чэнджэщхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ хуагъэхьынущ санаторэ-курорт комплексым зегъэужьынымкIэ щIыналъэ стратегиер щызэхалъхьэкIэ къалъытэн папщIэ.

ДАРИЙ Дахэнур.

Сыт Мейкъуапэ къыщыхъуар?

НыбжьыщIэхэм я зэхуаку къаугъэ къызэрыщыхъейри, абыхэм я хеящIэ мыщхьэпэхэм лей зэрыщызэрахьэри щIэх-щIэхыу зэхыдох. Ауэ ди жагъуэ хъуащ апхуэдэ Iуэхугъуэ Адыгейм и школхэми зэрыщекIуэкIыр. Мэлыжьыхьым и 5-м Мейкъуапэ хъыбар къиIукIащ илъэс 13-м ит хъыджэбз цIыкIур и классэгъухэм зэраубэрэжьам теухуауэ.

ХЪЫБАРЫР хэIущIыIу щыхъуар УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт, «Лига безопасного интернета» зэгухьэныгъэм и унафэщI Мизулинэ Екатеринэ къэхъуам теухуа тхыгъэ и «Макс» напэкIуэцIым щызэбгритыкIа нэужьщ. ЖэщитI-махуитIкIэ яубэрэжьа хъыджэбз цIыкIум и къуаншагъэр ныбжьыщIэхэм я гъащIэм мыхьэнэшхуэ щызыубыд «лъагъуныгъэм» епхауэ къыщIокI.

«Дашэ Iэмин дэгушыIэу щытати (цIэхэр яхъуэжащ), зэман дэкIа нэужь, щIалэм Аглае нэхъ гъунэгъу зыхуищIащ. Иужьрейр ефыгъулIэныгъэм иубыдри, щIалэм Дашэ деж имыгъэзэжын хуэдэу, игъэшынэну мурад ищIащ, езыр ММА-м хэтщ. Дашэ лей зэрытехьэр Iэмин щилъагъум, хъыджэбзитIым я зэхуакум дэмытын папщIэ, Аглаем и щIыб хуигъэзащ. Ар Дашэ и къуаншагъэу зыгъэува Аглае илъ ищIэжыну мурад ищIри, Дашэ хьэлупс езыгъэщIар аращ», - дыкъыщоджэ мы Iуэхум тепсэлъыхь газетхэм.

Зыкъомрэ интернеткIэ ягъэшына нэужь, дерс нэужьым хъыджэбз цIыкIур бзаджащIэ гупым зыIэщIаубыдащ. А псори зыгъэгушхуэр Адыгейм и следственнэ комитетым и унафэщIым ипхъу Аннэт, аращ пщащэм япэу еуар, езым тхэквондом зыхуегъасэ. «Сэ си адэр ехьэжьащи, зыри къызащIэнукъым», - жиIэри, Аннэщ Дашэ япэу еуар. Къаугъэр къэзыгъэхьеяр иужьрейм и ныбжьэгъу, ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа Аглаещ, абыи зауэкIэм зыхуегъасэ, и анэр щIыналъэм щацIыху къулыкъущIэ бзылъхугъэщ.

Лей зытехьа хъыджэбз цIыкIум мыпхуэдэ пудыныгъэ иджы етIуанэ-ещанэ ирагъэшэч, ауэ балигъхэми хабзэхъумэхэми нобэр къыздэсым я Iэ нэсакъым мыхъумыщIагъэр къагъэувыIэну. Бзаджагъэр зэбэкI ныбжьыщIэхэм пщащэм иращIэр яфIэмащIэу, ар зэраубэрэжьам видео трахри, интернетым кралъхьэжащ. Зы сыхьэтрэ ныкъуэкIэ щагъэтакъым лейзехьэ гупым зи закъуэ хъыджэбзым ебгъэрыкIуэн. ЦIыхухэр зыгъэгужьейр зыми жэуап зэримыхьырщ. Зыри зыкIи ягъэкъуэншакъым, сыту жыпIэмэ, сабий лейзехьэхэр хабзэхъумэ IэнатIэ зыIыгъ я благъэхэм къакъуогушхукI.

Иджы Дашэ и анэм, Адыгейм захуагъэ къыщигъуэтыну мыгугъэжу, Iуэхур Мэзкуу нихьэсащи, зэхагъэкIыну дыщыгугъынщ. Iуэхур Урысейм и Следственнэ комитетым и унафэщI Бастрыкин Александр и пащхьэ иралъхьакIэщ, Адыгейм и прокуратурэми къэхъуар зэхегъэкI.

ИтIани, «псори зэзауэурэщ зэрызэхагъэкIыр», - жызыIэ хъыджэбз-зэуакIуэхэм я гупсысэкIэр яхъуэжыну гугъэ закъуи щыIэкъым.

КЪУДЕЙ Iэминэ.

● ЩIыпIэцIэхэр



Кавказ Ищхъэрэм и ипщэ-къухьэпIэмкIэ

Сочэ къалэм и Iэхэлъахэм ноби къыщапсэлъ щIыпIэцIэхэм яхыбогъуатэ абдежым щыпсэуа убыххэм, садзхэм (абазэ лъэпкъщ) я бзэхэм къахэкIа псалъэпкъ щхьэхуэу тIуащIэ-щащIэу зэхэухуэнахэри. А щIыкIэм тету къэунэхуа щIыпIэцIэхэм ящыщу тIум я гугъу тщIынщ.

Уэсыр щIэх зыдэмыбзэхыкIыж къуэладжэ

Хы ФIыцIэм хэхуэж псы нэхъ цIыкIухэм язщ «Сочэ» зи фIэщыгъэр. Абы и ижьрабгъу лъэныкъуэмкIэ къыхэлъадэ и къуэпсхэм ящыщщ «Ажыкъуэ» жыхуаIэр. Зи пкъыр IыхьитIу зэхэт мы иужьрей псалъэм и къэунэхукIэм ехьэлIауэ егупсысыкIэ зыбжанэ щыIэщ.

Япэ Iыхьэм, «Ажы»-м, убыххэм я бзэкIэ къикIыр дэ, адыгэхэм, «уэс» жыхуэтIэрщ, «къуэ»-р, зэрытщIэщи, ди бзэм къызэрыщыкIуэр зэми «и бын» егупсысыкIэущ, мыдрейхэм дежи «къуэладжэ» е «тIуащIэ» къызэрыкIыущ. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм тезыгъащIэхэм къызэралъытэм дригъуазэмэ, фIэщыгъэр зэрыщыту къызэрыдгурыIуэ хъунур «уэсыр щIэх зыдэмыбзэхыкIыж къуэладжэ» е «уэс джейм къыхэунэхукIа псы цIыкIу» жыхуаIэущ.

Адыгэхэм ижькIэрэ къыддекIуэкIа фIэщыгъэхэр зэхуэхьэсыжыным, къарыкIыр зэхэгъэкIыным зэман куэд тезыгъэкIуэда ди лъахэгъу, бзэщIэныгъэлI гъуэзэджэ КIуэкIуэ Жэмалдин мы псы къуэпсым зэреджэр зыхуэтхь хъуну къилъытар къурш псэущхьэу «ажэ» жыхуаIэм «я зэхуэсыпIэ къуэбэкъу» мыхьэнэр къызэрыкIырщ.

Зэрыщыту къатщтэмэ, ди лъэпкъым и Хэкужьым и щIыпIэцIэхэм ящыщу зэрахъуэкIыну зыхунэмысахэм я зэхэгъэувэкIэр зыфIэтелъыджэу, абыхэм къарыкIыр зэхэгъэкIын-зыгурыгъэIуэным зэман куэд тезыгъэкIуэда лъахэдж Ворошилов Владимир «Топонимы Российского Черноморья» и тхылъым зэрыригъэхуамкIэ, фIэщыгъэр щIыпIэдэлъху убыххэм я бзэм зэрыщыIуу щытар «ажэ-къуэ» жыIэкIэм и гъунэгъуущ. АтIэми, «ажэ»-кIэ ахэр зэджэу къекIуэкIар дэ «щыхь» жыхуэтIэ псэущхьэрщ. Ауэ щыхъукIи, Ворошиловым зэригъэувымкIэ, фIэщыгъэр «щыхьхэр куэду щызэхэзекIуэ псыхъуэ» е «щыхьым и къуэ цIыкIу» мыхьэнэхэм я зым хуокIуэ.

Ачишхо - Шыщхьэ

Сочэ ипщэкIэ хым хэхуэж Мдзымтэ къуршыпс уэрыр зыдэт къуэм икухэм хуэзэу къыщхьэщыт лъагапIэхэм яхэтщ «Ачишхо» зи фIэщыгъэ бгымрэ а цIэ дыдэр зезыхьэ шытхымрэ.

Ворошилов Владимир ипщэкIэ зи гугъу тщIа и тхылъым зэритым тедгъащIэмэ, «ачи» пычыгъуэр адыгэбзэм хэт «ажэ» псалъэм и гъунэгъущ, «шхо» пычыгъуэр «аранэ», «лъагэ», «лъагапIэ» егупсысыкIэхэм тегъэхуапхъэщ.

АтIэми, лъахэджхэм яхэтщ апхуэдэ Iуэху еплъыкIэр и пэжыпIэм темыхуэу къэзыбжьхэри. Мыбыхэм зэрагъэувымкIэ, япэрауэ, Мдзымтэ и тIуащIэм, «Къуэбыдэ» («Красная Поляна») жыхуаIэри хэту, 1864 гъэ пщIондэ дэсыгъар дэ, адыгэхэр, мудэвей кIэ дызэджэу щытахэращи (медовеевцы), абыхэм зэрахьэу къадэгъуэгурыкIуар абхъаз-абазэхэм я бзэхэм язщ. ЕтIуанэрауэ, дызытепсэлъыхь бгым и щIэплъыпIэмрэ абы и гъунэгъуу къэлъагъуэ тхыцIэмрэ я сурэтхэр ажэм и теплъэм, ауэ жыжьэуи, хуэкIуэркъым. Ещанэрауэ, «шхо» - «шхуэ»-м дэ, адыгэхэм, ди бзэм къыщикIыр «лъагэкъым» икIи «лъагапIэкъым», атIэ, зэрытщIэщи, «инышхуэ» жыхуэтIэрщ.

Иужьрей еплъыкIэм тезыгъащIэхэм къызэралъытэмкIи, адыгэхэми абхъазхэми ящыщу ди япэ ита ди нэхъыжьыфIхэр а лъагапIэхэм зэреджэнкIэ хъуну къыддекIуэкIар абхъаз щIэныгъэлI Инал-ипа Шалвэ (Щэлыуат) зи гугъу ищIауэ щыта Iуэху еплъыкIэм хуэдэрщ, нэхъри дгъэбелджылынщи, «Ачишхо» фIэщыгъэм къикIыр «Шыщхьэ»-щ.

АтIэми, Инал-ипа Шалвэ щIыпIэцIэм и «ачи» Iыхьэр абазэбзэкIи, абхъазыбзэкIи, убыхыбзэкIи нэхъ зыхуэтхь хъуну къилъытар дэ, адыгэхэм, «шы» жыхуэтIэ псэущхьэрщ, «шхо» пычыгъуэр грамматикэ и лъэныкъуэкIи и къэIукIэкIи (фонетикэ и IуэхукIэ) зыхуэкIуэр абазэ-абхъазубых лъэпкъ зэрыбыныр Iуащхьэм дызэреджэу къыддэгъуэгурыкIуа «щхьэ» - «щхъа» псалъэрщ.

Зы Iуэху еплъыкIи дэщIыдгъужынщ. Ди бзэгъухэр зыщыгуфIыкIын хуейуэ языныкъуэхэм къалъытэр, мы щIыпIэцIэм и зэхэлъыкIэр абы ещхьу адыгэбзэм хэт псалъэхэм зэраблагъэрщ: «ачы» - «чы» - «шы», «Iуащхьэ» - «бгыщхьэ» - «шхъа». Абы нэхъри нэрылъагъу тщещI ди бзэхэм (жьы дыдэми) аддэ жыжьэу къыщежьэ зы лъабжьэ зэраIар.

Тхыгъэри сурэтри
КЪУМАХУЭ Аслъэн *ейщ.*

● ПэхуэщIэхэр

ЙоужьэрэкI

Шэджэм щIыналъэм ХьэцIыкIум и цIэр зезыхьэ и симаджэщ нэхъыщхьэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм щоужьэрэкI. 1980 гъэм яухуауэ щыта унэм мыпхуэдэ Iуэхугъуэ инхэр япэу къыщрахьэжьауэ аращ. Ар зи фIыгъэр «ГъащIэ кIыхь икIи жыджэр» лъэпкъ пэхуэщIэмрэ «ЦIыхухэм япэу зызыхуагъазэ медицинэ IуэхущIапIэхэр егъэфIэкIуэн» щIыналъэ программэрэщ.

НОБЭКIЭ, симаджэщым и унащхьэр, инженер коммуникацэхэр къанэ щымыIэу зэрахъуэкIащ, IуплъапIэр зыхуей хуагъэзащ. Иджыпсту пэшхэр кърашIыкI, ахэр нэхъ Iэхуитлъэхуит ящI.

КъищынэмыщIауэ, неврологие къудамэр щылэжьа, къатитIу зэтет унэжьым къыщIагъэкIынурэ стационарым ягъэIэпхъуэнущ. ФIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм хуащIэн папщIэ щыIэ мардэм ар къызэримытIэсэжрэ куэд щIат.

Узыншагъэр къыщапщытэ, иджырей оборудованэхэр зыщIэт пэш зэхуэмыдэхэр симаджэщым иIэ хъунущ, лифтыр щызэрахъуэкIынущ, дэIэпыкъуэгъу псынщIэхэм щхьэкIэ бгъэдыхьэпIэхэр ухуэныгъэм хуащIынущ.

Симаджэщыр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ мы гъэм къриубыдэу. Лэжьыгъэхэр хуэунэтIащ цIыхухэм хуащIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэнымрэ симаджэхэм я тыншыпIэр къызэгъэпэщынымрэ.

БЭБЭЧ Башир.

«Адыгэшым и нэм сыщIэтынт»...

Гугъуэт Заремэ и усэхэм яхэтщ Хэкум, щIыуэпсым, лъэпкъым ятеухуахэр. Абыхэм ящыщщ «Адыгэшым и нэм сыщIэтынт» усэр. Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Бакъ Зерэ а усэм теухуауэ къытхуитхар къытыдодзэ.

КАМЕННОМОСТ (Къармэхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ и къежьапIэм хуэпэж усакIуэ Гугъуэт Заремэ. Бзылъхугъэ IэмащIэлъэмащIэм и бгъэм къыщоуэ зыми къыхуэмыгъэшын пэж щыхъума гу къабзэ. Заремэ филологием и магистрщ, журналистщ, усакIуэщ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студент нэхъыфIхэм ящыщу еджащ.

Щапхъэу къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ Гугъуэт Заремэ и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ. «Адыгэшым и нэм сыщIэтынт» усэр хуитыныгъэм, щэнхабзэм, щIыуэпсым я дахагъэмрэ лъэщагъэмрэ щызэщIэжьыуэ тхыгъэщ. Адыгэм дежкIэ шыр псэущхьэ къудейкъым, атIэ хуитыныгъэм, бэшэчагъэм, лъэщагъым я дамыгъэщ.

Лъэпкъ тхыдэм лъапIэныгъэ иIэу къызэрыхэщыж къудейркъым адыгэшым и пщIэр зыIэтыр. Ар лъэпкъым и напэр къэзыхъумэу абы къыдэгъуэгурыкIуэщ. Гугъуэт Заремэ и усэм къызэрыхэщымкIэ, шыр ди адэжьхэм я псэм и къулеягъэр ди зэманым къэзыхьэсащ, ар зыхъумэщ. «Адыгэшым и нэм сыщIэтынт» едзыгъуэм зыбжанэрэ къытригъэзэжурэ, усакIуэр тхыдэм пэджэж хуэдэщ, и хъугъуэфIыгъуэхэр ихъумэу. Абы къегъэлъагъуэ щIыуэпсым зэрыпыщIар - бгыхэм, псыежэхым, жьыбгъэм я къарур зыхыдегъащIэ. "Си псэр бгыжьхэм куэдрэ щыпIейтейуэ", "СызэIубыр псынэпс щIыIэмылу" сатырхэм хыболъагъуэ усакIуэмрэ щIыуэпсымрэ зэрызэщыщыр, абы усакIуэм и хъэтIыр зэригъэлъэщыр. «Сыдилъынти, псы адрыщI сикIынт», «ГъадэщIыдэм гъуэгу щызэпысчынт» сатырхэм драгъэгупсыс хуитыныгъэм, гъащIэм, зэпыу зимыIэ гъуэгум. Шым тепсэлъыхьурэ, усакIуэм къегъэлъагъуэ и псэм и хуитыныгъэр.

Мы усэм къыщыгъэлъэгъуа гупсысэм зыгуэркIэ пэджэжхэм ущрохьэлIэ, псалъэм папщIэ, урыс усакIуэшхуэ Заболоцкий Николай и «Лицо коня» поэмэм. Шым и плъэкIэм усакIуэм хелъагъуэ дуней абрагъуэ.

Адыгэшым теухуа гупсысэхэр къыщокIуэ адыгэ IуэрыIуатэми. ЩыIэщ псалъэжь: «ШыфIыр ныбжьэгъуфIым хуэдэщ». Сыт хуэдэу Iуэхур хъуми, адыгэ нэсыр сытым дежи и шым и нэм щIэплъэжыфырт. АдыгэлIым и хьэл-щэным Тхьэм къыхилъхьат и шым фIэлIыкIыныр. Зауэ губгъуэм шыр мыхъужыну уIэгъэ щащIа хъужыкъуэми, абы тесар а шым бгъэдыхьэжу и нэм щIэплъэжын хуейт. Адыгэшымрэ адыгэлIымрэ псалъэншэу нэкIэ зэрыщIэн хуэдизу зэгъунэгъут. А псом уезыгъэгупсыс усэщ мыр. АдэкIэ езы тхыгъэм фыкъеджэ:

Адыгэшым и нэм сыщIэтынт,
Си псэр бгыжьхэм куэдрэ щыпIейтейуэ.
И нэ вагъуэм IэфIу сыщыжейуэ,
Адыгэшым и нэм сыщIэтынт.

Сыдилъынти, псы адрыщI сикIынт,
ТкIуэпсхэр жьы къэплъам щызэбгрыспхъыу.
Мы си нэкIум зэлъа защIэ теспхъэу,
ГъадэщIыдэм гъуэгу щызэпысчынт.

Адыгэшым и нэм сыщIэтынт,
Шы лъэ макъ хьэуам щызущыкъуейуэ.
Уафэр зэрыщIэншэм срибейуэ,
Адыгэшым и нэм сыщIэтынт.

Адыгэшым и нэм сыщIэтынт,
СызэIубыр псынэпс щIыIэмылу.
ГъащIэр сыухыхукIэ си гум уилъу,
Адыгэшым и нэм сыщIэтынт.

ХЬЭГЪЭБАНЭ Залинэ.
Сурэтыр **ГЪУЭТ Синэ** *трихащ.*

Иджы MAX-ми дыкъыщывгъуэтынущ

Ди газетыр иджы MAX-ми къыщывгъуэтыфынущ. Апхуэдэ IэмалкIи зэпыщIауэ дызэрыщытынум дыщогуфIыкI. Фэ япэу къэфщIэфынущ щIыналъэ хъыбар нэхъыщхьэхэр, гъэщIэгъуэнхэр.

Ди каналым фыкъыхыхьэкIэрэ, фэ ящыщ фохъу лъахэм къыщекIуэкI Iуэхухэм жыджэру хэт цIыхухэм. Ди каналым Iэ тевдзэну фыхуеймэ, фи телефонхэм я камерэхэр мы QR-кодым тевгъапси, адэкIэ къридзэну ссылкэм тефкъуэ.

Ди гуапэщ нэхъри гъунэгъуу зэпыщIа дызэрыхъунур!

● Пшыхь

«Лъэпкъым ухуэлэжьэным нэхъ насып щыIэкъым»

Бахъсэн къалэм дэт курыт еджапIэ №5-м мэлыжьыхьым и 3-м щекIуэкIащ КъБР-м и япэ президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ къызэралъхурэ илъэс 85-рэ зэрырикъум теухуа фэеплъ пшыхь. Ар къызэрагъэпэщат Болэт Ланэ зи унафэщI, зи гугъу тщIы курыт еджапIэмрэ «Росдетцентр»-м Бахъсэн къалэ округым щиIэ къудамэмрэ.

ПШЫХЬЫМ кърихьэлIат Бахъсэн къалэ округым и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Архъагъэ Зухра, Бахъсэн къалэ округым егъэджэныгъэмкIэ и департаментым и унафэщI Борэн Маринэ, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Бахъсэн къалэ округым и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъу Зеущэ Хьэмид, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, КIуэкIуэ Валерэ и пресс-секретару щыта Къудей Владимир, курыт еджапIэм къыщыдеджа, и ныбжьэгъу пэжу щыта ЛIыгуащIэ Хьалиф, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием хэт корреспондент, тхакIуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ, Бахъсэн къалэ округым и Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Абазэ Хъусен, курыт еджапIэхэм я унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри.

- КIуэкIуэ Валерэ утепсэлъыхьыну гугъущ. Ар цIыхушхуэу, акъылыфIэу, хахуэу щытащ. Дэ абы дыдэлэжьащ, дыкъызэдэгъуэгурыкIуащ. ЦIыхухэр фIыуэ илъагъурт, щIалэгъуалэм гулъытэшхуэ яхуищIырт. Ар дунейм щехыжам щыгъуэ, Валерэ зыцIыхуа псоми хуабжьу къыдэхьэлъэкIащ. А гуауэр нобэр къыздэсым зыхыдощIэ. Валерэ Урысейм и политик нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм ящыщу щытащ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. Ар ди тхыдэм къыхэнащ къэралым и зэхэзэрыхьыгъуэ дыдэм къызыхэкIа лъэпкъым гъуазэ хуэхъуу, мамырыгъэр зыхъумэфа, щIыналъэм зезыгъэIэта, зезыгъэужьа унафэщIышхуэу. Нобэ мыбдеж дыщIызэхуэсар ар дигу къэдгъэкIыжын, и гъащIэмрэ лэжьыгъэмрэ иджыри зэ дриплъэжу, дерс гуэр хэтхын папщIэщи, кърихьэлIа псоми фIыщIэ фхузощI, - жиIащ Зеущэ Хьэмид.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ КIуэкIуэ Валерэ и политикэ лэжьыгъэмрэ 1990 гъэхэм къэралыр зыхэта зэрыхьзэрийм щIыналъэр бэлутIэлуншэу хэшынымкIэ хузэфIэкIамрэ.

Апхуэдэу, КIуэкIуэ Валерэ РСФСР-м и цIыхубэ депутатхэм я советым, Конституцэмкlэ комиссэм хэтащ, Куржы-Абхъаз зауэм и гуащIэгъуэмрэ ди щIыналъэ оппозицэм я зыкъэIэтыгъуэмрэ президенту хахри, бжьыпэр иубыдащ 1992 гъэм. УнафэщI къалэныр екIуу къызэрехъулIэм и щыхьэтт ар 1997 гъэм етIуанэ пIалъэкIи зэрыхахыжар.

- Къэралым и щэщэжыгъуэм щIыналъэм и президенту утеувэу цIыхухэр мамырыгъэм, шыIэныгъэм, зэгурыIуэныгъэм къыхуебджэну, экономикэмрэ политикэмрэ зэтебублэжыну гугъущ. ИкIи абы утегушхуэу уеувэлIэныр лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я щхьэж къакIуэ гуэрщ. Зэман хьэлъэм уи лъэпкъым гъуазэ ухуэхъуу, лъагъуэ пэжым тумыгъэкIыныр жэуаплыныгъэшхуэщ икIи КIуэкIуэ Валерэ щIыхь пылъу игъэзэщIащ и пщэ къыдэхуа къалэн мытыншхэр. Ар цIыху щэджащэу, политик зэчиифIэу щытащ. Нобэ мамырыгъэр ди гъуазэу дыпсэуми, абыкIэ псыпэхэш хъуа ди япэ Президентырщ фIыщIэр зейр. Сэ сропагэ икIи срогушхуэ абы сэрэ зы къуажэ дыкъызэрыдэкIам. ФIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт мы зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэм, щIэблэр хэкупсэу гъэсэным, ди блэкIам щыгъэгъуэзэным папщIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэзых егъэджакIуэхэмрэ унафэщIхэмрэ. Нобэрей зэIущIэр ягъэдахэ мы курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкI сурэтхэм. Гъуазджэр лъабжьэ пщIыуэ щIэблэр тхыдэм щыбгъэгъуэзэныр Iуэхушхуэщ, IэмалыфIщ. Фи IэщIагъэм и хъер флъагъуу тхьэм куэдрэ узыншэу фигъэлажьэ, - захуигъэзащ Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ зэIущIэм кърихьэлIахэмрэ ар къызэзыгъэпэщахэмрэ.

«Лъэпкъым ухуэлэжьэным нэхъ насып щыIэкъым» жызыIа КIуэкIуэ Валерэ хуэуса, Бахъсэн къалэ округым и курыт еджапIэ №2-м и унафэщI Нэгъуей Ахьмэд, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, усакIуэ Мэржэхъу ФатIимэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэу Быф Еленэ, Балъкъыз-Бещто Фаридэ, Лосэн Хьэужан сымэ къеджащ я IэдакъэщIэкIхэм.

ЗэIущIэр уэрэдрэ къафэкIэ ягъэдэхащ курыт еджапIэм щIэс ныбжьыщIэхэм.

ТАМБИЙ Гуащэмахуэ.

Налшык къыщрагъэблагъэ

ДзюдомкIэ Европэм и чемпионату мы гъэм мэлыжьыхьым и 16 - 19-хэм Грузием и къалащхьэ Тбилиси щекIуэкIынум зыхуагъэхьэзыру Урысей Федерацэм и командэ нэхъыщхьэр мы махуэхэм щыIэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием. Мыбы кърихьэлIащ ди къэралым и бэнакIуэ нэхъ лъэщ дыдэ цIыхухъухэри цIыхубзхэри.

КОМАНДЭМ и тренер нэхъыжь, Олимп джэгухэм я чемпион Галстян Арсен жиIащ европей чемпионатым зыхуагъэхьэзыру ирагъэкIуэкI зэхуэсхэм я иужьрей дыдэ Iыхьэр Налшык щрагъэкIуэкIыну къыщIыхахар:

«Дэ къэтлъытащ базэ хъарзынэ мыбы зэриIэр, дызыхуей-дызыхуэфIхэмкIэ дызэпэщу, ди унэжь дыщыIэж хуэдэу, Европэм и чемпионатым мыбдеж зэрызыщыхуэдгъэхьэзырыфынур. Налшык къалэр псоми фIыуэ ялъагъу, ди спортсменхэми тренерхэми я нэхъыбэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ».

Апхуэдуи абы къыхигъэщащ, зыхуагъэувыжа планым тету, мазэ къэс зэрылажьэхэр. Иджыпсту тренировкэхэм хагъэкIащ къарум хэгъэхъуэным хуэгъэпса Iэмалхэр, нэхъыбэу зэгугъухэр я псынщIагъэмрэ бэшэчагъымрэ зегъэужьынырщ. Чемпионатым нэхъ гъунэгъу хуэхъуху гугъуехым пыщIа зыгъэсэныгъэхэр нэхъ мащIэ ящI. Нобэкlэ, спортсмен 90 Налшык щызэхуэсащ.

«Ди мурадхэр къыдэхъулIэмэ, мы гъэм и фокIадэм иджыри зэ къытедгъэзэжынкIэ хъунущ, дунейпсо чемпионатым зыхуэдгъэхьэзырыну», - къыдыщIигъужащ тренерым.

ХьэщIэхэм я гъусэу Налшык щыIащ УФ-м и командэ къыхэхам и тренер нэхъыжь, Олимп джэгухэм я призер Тау Хьэсэнбий.

«Сэ срогушхуэ икIи сропагэ къэралым и командэ нэхъыщхьэм ди республикэм зэрызыщигъасэм. БэнакIуэ нэхъ лъэщ дыдэхэр къэкIуащ мыбы. Нэгъабэ екIуэкIа европей чемпионатым гупхэм я зэпеуэм япэ увыпIэр къыщытхьауэ щытащ. Шэч къытесхьэркъым мы гъэми ар абыхэм зэрызыIэрагъэхьэнум», - жиIащ абы.

Дуней псоми Европэми я чемпион Арбузов Тимур ди республикэр и хамэкъым: ар щеджащ КъБКъУ-м и педагогикэ къудамэм, езыр Ставрополь щIыналъэм щыщщ.

«Сэ иджыпсту си къалэн, плъапIэ нэхъыщхьэу щытыр европей чемпионатым сыхуэхьэзыру сыпежьэнырщ. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэхэр зэфIэкIащ, къэнэжар - зыгуэр тIэкIухэр гъэзэкIуэжынырщ. ЗэIущIэхэр хьэлъэу щытынущ, ахэр тыншынкIэ сыгугъэркъым. Дыщэ медаль къызэрысхьыным сыхущIэкъунущ.

Тренерхэм я планым дытету псори долажьэ икIи абы дебакъуэркъым. Сыт хуэдэ зэфIэкIыфIхэр, ехъулIэныгъэхэр спортсменым имыIами, псом япэ идгъэщыр жыIэдаIуэу щытынымрэ Iэдэбагъымрэщ», - жиIащ Арбузов Тимур.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр иужьрей илъэсхэм зэрыгушхуэ бэнакIуэ, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер цIэ лъапIэр иджыблагъэ къызыхуагъэфэща Блий Iэюб жиIащ «Пять колец» спорт академием щилъэгъуахэм хьэщыкъ зэращIар.

«Пэжыр жыпIэмэ, си гугъакъым апхуэдэ зэфIэкIхэр иIэу, сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщщ. Зэхьэзэхуэ инхэм уи унэ ущыIэу захуэбгъэхьэзырыныр куэдкIэ нэхъ тыншщ икIи гупсэхущ. Иджыпсту псом нэхърэ нэхъыщхьэр, зыгъэсэныгъэхэм фэбжь хэдмыхынырщ, ди хьэлъагъым хэдгъэщIынырщ», - къыддогуашэ Блийр.

Iэюб езыр иджы екIуэкIыну чемпионатым кIуэнукъым - дегъэху, и къалэныр - адрей щIалэхэм ядэIэпыкъунырщ, зэхьэзэхуэм ахэр хуэхьэгъэзэрынырщ.

Осетие Ищхъэрэ - Аланием и бэнакIуэ цIэрыIуэ, Олимп джэгухэм домбеякъ медаль къыщызыхьа Таймазовэ Мадинэ жиIащ и унэ хуэдэу Налшык къалэм зэрыщыIэр.

«Икъукlэ гуапэу къыщытIущIащ. МахуитI хъуауэ аращ дызэрыщыIэри, гухэхъуэрэ дэрэжэгъуэу дгъуэтар зыхуэдизыр, пхужымыIэнщ.

Дэтхэнэ зы спортсменми и плъапIэр дыщэ медалщ. УкъызэмыплъэкIыу икIи узыщымысхьыжу улэжьынырщ абы и шэсыпIэр», - жиIащ осетин бзылъхугъэм.

«Пять колец» спорт академием щрагъэкIуэкI зэхуэсыр зэрызэфIэкIыу, УФ-м и командэ нэхъыщхьэр Тбилиси лъэтэнущ. Я мурадхэр къехъулIэну ди гуапэщ.

Европэм и чемпионатым хэтынущ къэрал 46-м я спортсмену 419-рэ, абы щыщу 236-р щIалэу, 183-р бзылъхугъэу икIи медаль комплекту 14-м ахэр щIэбэнынущ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ГущIэгъу хуэныкъуэхэр

Хьэ хьэулейхэм ядэIэпыкъуным теухуауэ цIыхухэр зэпсэлъэн зэрыщIадзэу, Iэмал имыIэу ар псалъэмакъым хуокIуэ. Къапщтэмэ, цIыхура, хьэмэрэ псэущхьэра нэхъ узытегузэвыхьын хуейр жыпIэу, упщIэр бгъэувынри тэмэмкъым, тIум щыгъуэми ар цIыхугъэм хуокIуэж.

УНЭ зимыIэ джэдухэм е екIуэлIапIэншэ хьэхэм зэрадэIэпыкъум жылагъуэр жэуаплыныгъэм хуегъасэ. Къаруушэхэмрэ къыщхьэщыжын зимыIэхэмрэ дыхуэсакъыфу зыщедгъасэкIэ, зэрыжытIауэ, цIыху ирехъу, хьэкIэкхъуэкIэу щрети, зым адрейм зыщIигъэкъуэныр ди гъащIэм щыщ Iыхьэ мэхъу.

ЖыхуэтIэм и щапхъэу, «Альтаир» урыс географие зэгухьэныгъэм и ЩIалэгъуалэ клубым хэтхэр иджыблагъэ щыIащ «Четыре лапы» республикэ псапащIэ Iуэхущlапlэм и екIуэлIапIэм икIи хьэщхэр зэлъыIухынымрэ якIэлъыплъынымкIэ зыщIагъэкъуащ.

А махуэм абыхэм хьэхэр ягъэшхащ, удзыжьхэмрэ къуацэ-чыцэхэмрэ дашащ, я «ныбжьэгъущIэхэм» ядэджэгуащ. IуэхущIапIэм и волонтер Аль-Сайг Алие зэрыжиIэмкIэ, IуэхущIапIэр 2024 гъэ лъандэрэ мэлажьэ икIи нобэ абы хьи 100-м щIигъу щаIыгъщ. Псэущхьэ псоми узыфэхэм зэрыпэщIэт хущхъуэ халъхьащ, чипхэмрэ паспортхэмрэ яIэщ. IуэхущIапIэм волонтёрхэр жыджэру къыдоIэпыкъу хьэхэр унагъуэхэм кърагъэщтэнымкIэ.

«Ди IуэхущIапIэр зэрыщыIэ зэманым кърикубыдэу, хьэ хьэулей куэдым хущхъуэ етхьэлIащ, куэдым къэзыщтэн унагъуэ къахуэдгъуэтащ. Дэ цIыху гумызагъэхэм я дэIэпыкъуныгъэкIэ дылажьэу аращ, мылъку хэкIыпIэ диIэкъыми. Аращи, ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ ахъшэкIэ, IускIэ зыкъызэрытщIагъакъуэм, мы щIыпIэр дгъэкъэбзэнымкIэ къызэрыддэIэпыкъум», - жеIэ Алие.

Язынкъуэ хьэхэр я ныбжьым, я узыфэхэм елъытауэ мыбдеж щаIыгъщ, абыхэм волонтёрхэр якIэлъоплъ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Футбол

Къудей Леонид фэеплъ хуащIа зэIущIэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Победа» (Хасавюрт) - 4:1 (0:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. Мэлыжьыхьым и 4-м. ЦIыху 414-рэ еплъащ.

Судьяхэр Газиев (Кисловодск), Сидякин (Москва), Ченцов (Старый Оскол).

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Балъкъыз (Iэпщацэ, 88), Пириев, КIэдыкIуей, Гирзишев, Гъуэгузокъуэ, ХьэцIыкIу (Селяев, 88), Сарбашев (Урыс, 64), Блий, Хьэшыр (Черкесов, 70), Ибрагимов Маг. (ЛIуп, 88).

«Победа»: Султаналиев, Джамалавов, Джабраилов, Сулебанов, Гаибов, Салимов Рус. (Курбанов, 46), Магомедов Мут. (Лабазанов, 25), Битаров (Салимов Раш., 70), Исмаилов, Авагумян (Сайтиев, 70), Вагабов (Капанжи, 82).

Топхэр дагъэкIащ: Гирзишевым, 49 (1:0). Хьэшырым, 62 (2:0). Ибрагимовым, 65 (3:0). Лабазановым, 67 (3:1). Гирзишевым, 79 (4:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Хьэшырым, Джабраиловым, Битаровым, Курбановым.

2026 гъэм «Спартак-Налшыкым» Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щригъэкIуэкI зэхьэзэхуэм и пэщIэдзэ зэIущIэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и топджэгум хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 55-рэ хъуным мазэ фIэкIа имыIэжу гъубж кIуам зэуэзэпсу дунейм ехыжащ ди республикэм и командэ нэхъыщхьэм и унафэщIхэм ящыщ Къудей Леонид. Ар къыщацIыхурт икIи фIыуэ къыщалъагъурт зи щIыхьыр илъэс куэдкIэ ихъума Къэбэрдей-Балъкъэрым къищынэмыщIауэ ди къэралым и щIыпIэ куэдым.

Ди республикэм и командэ нэхъыфIхэм яхэту илъэс пщыкIутхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхьыр къэралпсо утыкум лъагэу щызыIэта а щIалэм и ныбжьыр илъэс 36-м нэблэгъауэщ топ джэгуныр щыщигъэтар.

Леонид 1971 гъэм Нарткъалэ къыщалъхуащ икIи абы топ джэгун щыщIидзащ. ИужькIэ, къэзылъхуахэм ядэщIыгъуу, и анэш лъапсэм Къэхъун Iэпхъуащ. 1992 гъэм Бахъсэн и «Автозапчасть»-м хагъэхьащ икIи къэралым футболымкIэ и етIуанэ дивизионым зэIущIи 176-рэ щригъэкIуэкIащ. Абыхэм топ 20 щыдигъэкIащ.

ИужькIэ, 1998 гъэм Налшык и «Спартак»-м ирагъэблэгъащ икIи къыкIэлъыкIуэ илъэсибгъум а гупым щыджэгуащ. Абы хэту зэIущIэ 239-рэ иригъэкIуэкIащ, командэм и капитану щытащ, я хьэрхуэрэгъухэм топи 9 яхудигъэкIащ. Япэ дивизионым «Спартак»-м и фащэр щыгъыу джэгугъуэ 230-м утыку къыщихьащ.

Зэи къэмыхъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэр къэралым и нэхъыфI дыдэхэм 2006 гъэм яхэзышахэм, премьер-лигэм фIы дыдэу зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм яхэтащ Къудейр. Абы ирихьэлIэу и ныбжьыр илъэс 35-рэ хъуа пэтми, ар къапикIуэтакъым Мэзкуу и «Спартак»-м, «Локомотив»-м, «Москва»-м, Санкт-Петербург и «Зенит»-м, Къэзан и «Рубин»-м, Дон Iус Ростов и «Ростов»-м, нэгъуэщIхэми я гъуащхьауэхэм икIи и джэгукIэм щытхъу иIэу премьер-лигэм хэтащ.

Налшык и «Спартак»-р къызэрыунэхурэ (1959 гъэ) абы нэхъыбэ дыдэрэ джэгуахэм я гугъу пщIымэ, Къудей Леонид ящыщщ футболист нэхъыфI тIощIым. Псори зэхэту абы етIуанэ, япэ дивизионхэм, премьер-лигэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэхэм я фащэр щыгъыу зэIущIэ 415-рэ щригъэкIуэкIащ икIи топ 29-рэ щыдигъэкIащ. Ар и щапхъэ нэсщ ущалъхуа щIыпIэр, укъызыхэкIа лъэпкъыр фIыуэ лъагъуным, абы и цIэр фIыкIэ гъэIуным. Ахърэтыр увыIэпIэ Алыхьым хуищI.

И къару илъыгъуэм джэгупIэ губгъуэми гъащIэми щапхъэ нэсу щаIа, иужь илъэс тIощIым гупыр зыхуеину псомкIи къызэзыгъэпэщу щыта я администратор Къудей Леонид фэеплъ хуащI икIи зэрыщыгъуэм и щыхьэту я фащэхэм и бгъэгум и сурэтыр тету зэIущIэм къихьа «Спартак-Налшыкым» и нобэрей футболистхэм я къару псори ирахьэлIащ текIуэныгъэ зыIэрагъэхьэным.

Пэжщ, джэгум и япэ Iыхьэм абыхэм бжыгъэр къахуэзэIухакъым, Хасавюрт къикIахэм лъэщу зыкъызэрагъэбыдэкIам къыхэкIыу. Загъэпсэхуу къихьэжа иужькIэщ зыкъыщыкъуахыпар. КъахыхьагъащIэ Гирзишев Темерлан, зэрыщIадзэжу хэгъэрейхэр япэ иригъэщащ икIи адэкIэ нэхъ джэгугъуафIэ хъуащ, хьэщIэхэм я зыхъумэжыныгъэр къызэрытIэсхьам къыхэкIыу.

АдэкIэ зэман кIэщIым къриубыдэу гупым и капитан Хьэшыр Аланрэ куэдкIэ щыгугъыу мы гъэм зыхагъэхьа гъуащхьауэ Ибрагимов Магомедрэ бжыгъэр 3:0-м нагъэсащ. Ахэр къыхэжаныкIащ 62-нэ, 65-нэ дакъикъэхэм.

ПсынщIэ дыдэу «Победа»-м зы топ налшыкдэсхэм къыхудагъэкIыжащ. АрщхьэкIэ Гирзишевым кIэух бжыгъэр 4:1-м нигъэсащ.

Апхуэдэ щIыкIэкIэ «Спартак-Налшыкым» зыIэригъэхьащ Къудей Леонид фэеплъ хуащIа текIуэныгъэ дахэр. Абы иужькIэ ди щIалэхэм зэхьэзэхуэм бжьыпэр щаубыдащ, езыхэми хуэдэу пэщIэдзэ джэгугъуитIми щытекIуахэм еплъытмэ я хьэрхуэрэгъухэм худагъэкIа топхэмрэ къыхудагъэкIахэмрэ зэрызэхущытыр зэрынэхъыфIым къыхэкIыу. Дыщогугъ адэкIи дэрэжэгъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболым щыдихьэххэм иратыну.

Иджы фыщыдгъэгъуэзэнщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэхэм: «**Рубин**» (Ялтэ) - «**Шахтёр**» (Донецк) - **0**:**2**, **ПСК** (Первореченскэ) - «**Заря**» (Луганск) - **3**:**2**, «**Кызылташ**» (Къырым) - «**Чайка-М**» (Песчанокопскэ) - **2**:**0**, «**Нарт**» (Черкесск) - «**Нефтяник**» (Избербаш) - **5**:**0**, «**Астрахань**» (Астрахань) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) - **0**:**1**, «**Севастополь**» (Севастополь) - «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) - **2**:**1**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Динамо-2**» (Мэхъэчкъалэ) - **2**:**1**.

Мэлыжьыхьым и 11-м къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Песчанокопскэ къутырым абы и «Чайка-М» командэм щыIущIэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Спартак-Налшык»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**6-1**	**6**
2.	**«Севастополь»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**6-2**	**6**
3.	**«Кызылташ»**	**2**	**2**	**0**	**0**	**3-0**	**6**
4.	«Ангушт»	2	2	0	0	2-0	6
5.	«Нарт»	2	1	0	1	5-1	3
6.	«Ростов-2»	2	1	0	1	5-4	3
7.	«Шахтёр»	2	1	0	1	2-1	3
8.	ПСК	2	1	0	1	5-5	3
9.	«Дружба»	2	1	0	1	3-3	3
10.	«Динамо-2» Мх	2	1	0	1	2-2	3
11.	«Рубин»	2	1	0	1	1-2	3
12.	«Нефтяник»	2	1	0	1	2-6	3
13.	«Чайка-М»	2	0	0	2	0-3	0
14.	«Астрахань»	2	0	0	2	0-3	0
15.	**«Победа»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**1-5**	**0**
16.	**«Заря»**	**2**	**0**	**0**	**2**	**2-7**	**0**

Бэдрэжаныр я куэдщ

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэмрэ унагъуэхэмрэ бэдрэжану къагъэкIащ (губгъуэхэми хуабэщхэми къыщагъэхъуар зэхэту) тонн мин 266,7-рэ икIи абы ипэ ита илъэсым нэхърэ процентi 8-кIэ нэхъыбэщ ар.

РЕСПУБЛИКЭМ хадэхэкIыу щызэщIакъуэжым и процент 57-р бэдрэжаным еубыд. Къэдгъэлъагъуэмэ, хадэхэкIыу псори зэхэту тонн мин 466,8-рэ ди щIыналъэм къыщрахьэлIэжащ нэгъабэ. 2024 гъэм яхуэзэфIэкIам нэхърэ процент 1,2-кIэ ари нэхъыбэщ.

Мэкъумэш къэкIыгъэхэм ящыщу бэдрэжаным гулъытэ нэхъыбэ ират, губгъуэхэми хуабэщхэми къыщагъэкIахэм я куэдагъым илъэс къэс зэрыхэхъуэм щхьэкIэ.

Къэбыстэри адрей хадэхэкIхэри яхуобагъуэ

Республикэм и мэкъумэшыщIэхэм къэбыстэу тонн мин 47,2-рэ кърахьэлIэжащ нэгъабэ е 2024 гъэм щыIа бжыгъэхэм нэхърэ процент 45-кIэ нэхъыбэ.

КЪЭБЫСТЭ пасэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ псоми щащIэ, ауэ нэхъыбэу абы щегугъыр Май (тонн мин 12-м нэблагъэ), Прохладнэ (тонн мин 11,3-рэ), Iуащхьэмахуэ (тонн мини 7-м нэблагъэ), Шэрэдж (тонн мини 5,8-рэ) районхэрщ. А къэкIыгъэм щыщу КъБР-м къыщрахьэлIэжым и процент 75-м щIигъур а плIым къалъос.

Къэбгъэлъагъуэмэ, къэбыстэр нэхъыбэу зыщIэр унагъуэхэрщ: псори зэхэту кърахьэлIэжым щыщу тонн мин 30,7-р абыхэм яIыгъщ е процент 65-р.

Мыдрейуэ, джэш хъурейуэ нэгъабэ зэщIакъуэжар проценти 8-кIэ нэхъыбэщ абы ипэ ита илъэсым щыIа бжыгъэхэм елъытауэ е тонн мин 17,2-рэ хъуащ. Хуабэщым къыщагъэкIа нащэм и куэдагъми проценти 2-кIэ хагъэхъуащ икIи тонн мини 6-м ар нызэрыхьэсащ. БжьынымкIэ, бжьыныхумкIэ, жэгундэмкIэ бжыгъэ хъарзынэхэр щыIэщ.

Ахэр псори щыхьэт тохъуэ республикэм и мэкъумэш IэнатIэм шэщIауэ зэрызиужьымрэ хадэхэкIым и куэдагъым илъэс къэс зэрыхэхъуэ зэпытымрэ.

БЭВЫКЪУЭ Алыдж.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.250
Заказыр №676
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ почт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 3-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Ныр Саидэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.